


# KUROORANA NEKURAMBANA

 Ngatikotamisei misoro yedu zvino kwechinguvana tinamate. Baba Vane Nyasha dzakawandisisa, tinoKutendai mangwanani ano nokuda kwemukana uno wekuva pano muodhitoriyamu ino, takatarisana nezvichabuda mukati mezuva rino. Asi hatizive kuti zuva rinei, asi tinoziva uYo akabata zuva. Saka tinonamata kuti uYo Akabata nhasi namangwana, neZiendanakuenda rose, achatiropafadza nhasi apo taungana pamwe chete muZita raKe, kuti tizive zviri nani mararamiro ekuti tiMushumire. Ichi ndicho chinangwa chedu chizere, Baba. Mwari, Anoziva moyo yedu, anoziva kuti ichi ichokwadi. Tinozvikumikidza kwaMuri, nechi—chikamu chezuva chiri mberi, mukuKushumirai, nemuZita raJesu Kristu. Ameni.

Garai pasi.

<sup>2</sup> [Hama Branham vanotaura nemumwe munhu papuratifomu—Mupepeti.] Ndatenda. Heino imwe iri pano.

<sup>3</sup> Mangwanani akanaka, ungoro iri kuoneka uyewo neungano isiri kuoneka iri munyika yose apo takabatanidzwa mangwanani ano. Izvi zvinondipa mukana mukuru kwazvo wekuuya pano pamwe nokutaura pamuroso pechidzidzo ichi chakakosha kwazvo. Kune ungoro iri kuoneka, ichokwadi zviri kuti vhiringidzei, nokuti pamberi pangu chaipo pane maketeni, zvino ndinofanira kutaura nechekurudyi pamwe nekuruboshwe. Zvino kuungano isiri kuoneka, ndine odhitoriyamu kurudyi kwangu, uyewozve nejimu kuruboshwe kwangu; uye ini ndiri pasi, paine maketeni akazaruka pakati, zviri kurudyi nekuruboshwe kwangu. Zvino takazarisa, mangwanani ano, nemuodhitoriyamu, pamwe nemujimu, uyewozve nekereke, kereke iri zasi muna Eighth naPenn Street. Uye munzvimbo dzakazarisa, hurongwa hwenhare huri kuendesa zasi kune dzimwe nzvimbo idzodzo.

<sup>4</sup> Takava nenguva inoshamisa munaShe, uye tiri pasi pekutarisira kukuru mushumiro ino mangwanani ano. Uye zvino manheru ano iri iyo nguva yekuvhara musangano uyu wemazuva mana, saka, zvirokwazvo tinokoka vose, vanokwanisa, kuti vange vari pano. Tiri kutarisira kuti Ishe vachatipa nhongony'n'a huru manheru ano nokuita chimwe chinhu chinoshamisa kwazvo, zvokuti Vachapodza varwere vose uye nokuita zvinhu zvikuru izvo zvaVanowanzoita. Uye tiri pasi pekutarisira kukuru manheru. Veruzhinji vari kukokwa zvakanyanya, munhu wese, kereke yose yesangano rose zvaro. Hausungirwe kunge uri Mukristu; zvirokwazvo tiri kudandira vatadzi kuti vapinde,

vagare pakati pedu. Uye toita zvatnogonesesa kuvadzidzisa nezve nzira yaShe, kuti tigorarama.

<sup>5</sup> Zvino ndine tariro yekuti ungoro haisi kuzohuta-huta. Uye ndiri kuvimba naMwari kuti handisi kuzohuta-huta, nokuti ndava nehushu hunoshamisira kwazvo, kumanikidzwa kwakawanda. Nokuti ndinocherechedza kuti zvinhu zvandinotaura mangwanani ano ndichazvipindurira neZuva reKutongwa, uye nda—ndatadza kukotsira, uye ndinoziva kuti kana ndikasazvitaure ndichazvipindurira neZuva reKutongwa. Saka zvinoita kuti zvime, haugone kuzvitsanangura.

<sup>6</sup> Uye zvino mangwanani ano ndipo pane chidzidzo chikuru chiya chatiri kuzokurukura nezvacho *Kuroorana NeKurambana*. Uye chikonzero ndachiita Sunday school, kuitira kuti tigotaura nezvacho uye totora nguva yedu, panzvimbo yekuparidza mharidzo pachiri. Kudzidzisa kubva muMagwaro.

<sup>7</sup> Uye ndi—ndinoda kutaura kuti, kana chero mumwe mushumiri kana vashumiri, kune imwe nzvimbo hayo, zvinogona kuitika kuti tepi ino inowira mumaoko avo, kana tichinge tabuditsa tepi ino. Handizive kuti kereke ichaiti nezvayo. Ndiri kukumbira Hama Fred kuti vaone bhodhi rekereke vasati vabuditsa tepi ino. Uye kunemi imi vanhu vari kwese munyika, vane matepi rekodha ari kutapa, ndapota musabuditsa tepi kunze kwekunge manzwa kubva kuna Hama Sothmann nezvayo.

<sup>8</sup> Zvino, uye kana ichinge yabuditswa, uye kana mumwe wehama dzangu vashumiri, kana chero hake Mukristu pane imwe nzvimbo, asingazowirirane nezvinhu zvandiri kutaura pamusoro pechidzidzo chino, ndi—ndinovimba kuti hamuzoZvitsoropodzi. Kana usingaZvinzwisise nezvira yandinoZvidzidzisa, zvakanaka, une kodzero kwazviri, semushumiri, semufuzi. Uye ndinoremekedza chero chipi hacho chaunotenda.

<sup>9</sup> Zvino pane maonero maviri makuru pazviri. Zvino kana paine mibvunzo miviri, panofanira kuva nemumwe wacho uri wechokwadi, kana kuti panenge pasina mumwe wawo uri wechokwadi. Saka tichaedza kutarisira kuShoko raMwari, mangwanani ano, kuti tizvipedze. Kwandiri ini, kana uri mubvunzo wemuBhaibheri, Bhaibheri zvemazvirokwazvo rine mhinduro kwauri.

<sup>10</sup> Uye zvino tisati tava neizvi, tatanga chidzidzo chedu, waro, ndisati ndanamatira Shoko, ndiri kuda kutaura kune mumwe nomumwe wenyu, kuti ndi. . . kunyanya imi Makristu, kuti ndiri kushuva. . . ndi—ndiri kuda kuti mundinamatire mangwanani ano. Uye nevose vari muungano isiri kuoneka vakateerera kuno mangwanani ano, ndinamatireiwo, nokuti ndinoda kuva ndakatendeseka uye zviri zvechokwadi.

<sup>11</sup> Zvino tinocherechedza, mukuita zvitaurya izvi, mumwe munhu, kana akava munhu mumwe chete, anobatirira kwaZviri sokunge Zviri pakati peupenyu nerufu. Pane vakawanda venyu pano vachaenda vachitenda. Saizvozvowo, vakawanda venyu, zvichida, havadaro. Asi ndinoziva, mushumiro yangu, pane vanhu vanouya kuzonditeerera, pamwe nokuteerera pane zvandinotaura; kubva, zvakanaka, vagere imo muno mangwanani ano, pasi rose, kubva kwakawanda muUnited States, Canada, nemhiri kwemakungwa. Zvino munogona kufungidzira kumanikidzwa kwazvinoisa mauri, kuziva kuti magumo emunhu uyo emuna Ziendanakuenda ari mumawoko ako, nokuti achabatirira pane zvaunotaura. Saka Mwari vanozondiita kuti ndizvipindirire, uye ndinoda kuuya kwazviri nokuperera kwese kwandinogona.

<sup>12</sup> Zvino ndi—ndinokumbira hanzvadzi dzedu. Uye ndashandura mamwe mashoko angu kuitira kuti ndigokwanisa kuzvitaurya pamberi pavo. Billy ane muhomwe make, mangwanani ano, kunze uko, zvimwe zvinhu zvisingagone kutaurwa paungano i—inosanganisira vanhu vose. Uye zvimwe zvandazongotaura, munofanira kunzwisisa. Zvitorei sezviri kubva—kubva kuhama yenyu, sokuzivisisa kwandinoita. Unotogara muhofisi yachiremba uchimuteerera, anofanirwa kutaura mashoko akanyatsojeka kwauri. Uye vamwe venyu imi madzimai echidiki nevarume vechidiki, handidi kuti mubate maonero asiri iwo. Ndinoda kuti mutende, uye mugare chinyararire. Rangerirai, Chokwadi chinofanira kutaurwa chiri Chokwadi.

<sup>13</sup> Uye, zvino, pasina kupokana asi pachava nevakawanda venyu vachapikisana nezvichataurya, asi ndinoda kuzviratidza kwamuri neBhaibheri. Uye ipapo ndinotenda, kana mukava noruremekedzo uye muchiteerera, ipapo muchava nekunzwisisa pamwe nemaonero ari nani pane zvandanga ndichirovedzera pazviri, nguva dzose. Ndinotenda kuti izvi zvichazvitsanangura, uye ndinotenda kuti zvichazviita.

<sup>14</sup> Zvino tinogona kutora nguva yakareba, awa imwe nechidimbu, kana pamwe kudarika, pazviri. Handizive kuti zvichatora nguva yakareba sei.

<sup>15</sup> Uye zvino zvakare, ndinoda kutaura kuti, munguva ino, yokuti, uchiziva kuti vanhu vanobatirira kumashoko ako; vanozviita, kune mufudzi wavo. Uye, ndizvozvo, ndanga ndiri mufudzi.

<sup>16</sup> Uye vanobatirira kumashoko emufudzi, sokunge zviri pakati perufu nehupenyu. Vanobatirira kumashoko emuprisita wavo, sokunge zviri rufu nehupenyu. Uye ndizvozvo, mufudzi, pamwe nezvose zvaanoziva kuti anozviita sei, ari kudzidzisa vanhu vake izvozvo chaizvo sokudzidziswa kwaakaitwa kuseminari; pasina kupokana ndizvo izvo muprisitawo, zvakare, muzvinamoto

zvokasiyana zvine vaprisita. Chaizvoizvo, mufudzi zvirokwasvo muprisita; murevereri. Saka, kana muprisita, pane zvole zvaanodzidziswa maari, museminari nemunzvimbo yehugari hwevaprisita, murume uyu muhudzamu hwekuperera ari kutaura chaizvo nemazvo zvaanodzidziswa.

<sup>17</sup> Saka, zvino, handina kumbowana chiitiko chemuseminari kana chiitiko chekunogara vaprisita, uye hapana chinopesana nazvo zvachose, asi ndine hupenyu husinganzwisisike zvachose.

<sup>18</sup> Ndakadanwa ndichingori mukomana muduku. Zvino ipapo paiva nechiratidzo chinooneka, chainzwika chandakapiwa, iyo—iyo Shongwe yeMoto yaive yakaremba muchikwenzi, pamakore manomwe okuzvarwa, ipo pano chaipo paUtica Pike. Baba vangu vakanga vari kushandira VaO. H. Wathen vachangotisiya munguva shoma yapfuura. Uye makaverenga bhuku, munoziva nyaya yacho. Zvino kubvira panguva iyoyo. . . Zasi kurukova ipapo Yakauya ndokunyatsoonekwa pamberi pevanhu. Uye zvino Yakatorwa mufananidzo, kakawanda, uye wakaturikwa muWashington, DC, paine kuchengetedzwa kwekodzero dzekuikoponora, iri muReligious Hall of Art, seChinhu choga chemweya chati chasimbiswa nesainzi kuti chakatorwa mufananidzo; Shongwe yeMoto imwe chete, chaizvo pamaratidzikiro mamwe chete uye nenzira yose zvayo, iyo yakaunza vana veIsraeri vachibuda muEgipita. Ndinotenda kuti NdiJesu Kristu muchimiro cheMweya, ari muhuMwanakomana hwaMwari.

<sup>19</sup> Nokuti Aidanwa kunzi “Mwanakomana wemunhu” paAkauya kekutanga, iye zvino Ari kudanwa kunzi “Mwanakomana waMwari,” muMireniyamu Achange ari “Mwanakomana waDhavhidhi.” Akauya ari Mwanakomana wemunhu, Muporofita, sezvakarehwa nezvaKe; iye zvino Iye ndiMwanakomana waMwari, mune zvemweya; muMireniyamu huru iyo iri kuuya, Achange ari Mwanakomana waDhavhidhi, agere pachigaro cheushe chaDhavhidhi. Sezvo vaverengi vose veBhaibheri vanoziva kuti ivimbiso yeDenga inaMwari, kuna Dhavhidhi, Aizomutsa Mwanakomana waKe kuti agere pachigaro chake choushe.

<sup>20</sup> Uye zvino mushumiro isinganzwisisike, yakatsaukana, ndakadanwa zvole kubvira kunzi “Mwari” kusvika kuna “dhiyabhore.” Uye izvozvo, zvagara zvakadaro nguva dzose.

<sup>21</sup> Ndizvo zvakataurwa kwandiri nemuachibhishopi wekereke yeKatorike pane umwe usiku zasi uko, hurukuro yaiva yokuti, iye akati, “Hama Branham, Johane Mubhabhatidzi akanyatsozviratidza zvakajeka muMagwaro, sokutaurwa kwazvakaitwa nomuporofita Isaya.” Akati, “Shumiro yenyu yakanyatsoratidzwa zvakajeka muKereke.” Akati, “MaLutherani ari muBhaibheri.” Akati, “MaLutherani aiziva

Luther. MaHwisiri anoziva Wesley. Ko maPentekosti?” Akati, “Vari kumbeya-mbeya. Havasi kuziva kwekuenda.”

Uye ndakati, “Changamire, ndinozvikoshesa izvozvo.”

<sup>22</sup> Uye paiva panguva apo Mweya wakawira pane mumwe mudzimai, akanga asina kumbobvira akandiona, mudzimai wake . . . uye ndokutaura ndokuratidza zvinhu zvimwe chete.

<sup>23</sup> Zvino, kuve ndakatendeseka, pamberi peMharidzo yandiri kuzotaura mangwanani ano, handizive. Ndakamutaurira, ndikati, “Changamire, handingambogoni kutaura zvakadaro. Chinhu chakakura kwazvo kuchitaura. Zvinoratidzika saizvozvo.”

<sup>24</sup> Chinhu chimwe chete chandinoziva, ndechokuti pane chimwe chinhu chakaitika, zvirokwazvo. Zvinhu zvose izvi, sezvo, vakaratidzwa nesainzi, uye ndokuratidzwa zvichipotera nokupoterera nyika, haingangova ngano bedzi. Ichokwadi. Chii? Regai nditi, mukureurura, ndisati ndataura nemi mangwanani ano, handizive. Uye handingatombotsukunyuki kusvikira ndanzwa kubva kwaAri uyo akataura kwandiri munguva yakapfuura uye ndokundiudza zvinhu izvi.

<sup>25</sup> Rangarirai, Ishe wedu Jesu Kristu haana kumbozvizivisa pachaKe seMwanakomana waMwari. Akati, “Makati ndizvo zvaNdiri; ndizvo zvaNdakazvarirwa,” uye nezvakadaro, asi haAna kuZvizivisa.

<sup>26</sup> Uye, zvino, yakanga iri Shongwe yeMoto yakatungamirira vana veIsraeri, aiva Ishe Jesu Kristu muchimiro cheMweya, (munozvitenda here izvozvo?), Rogosi yakabuda muna Mwari. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

<sup>27</sup> Uye zvino paAkanga ari panyika, Akati, “Ndakabva kuna Mwari, uye ndinoenda kuna Mwari.” Tose tinozviziva izvozvo.

<sup>28</sup> Zvino mushure merufu rwaKe, kuvigwa, nerumuko. Sauro weTarso akanga ari munzira yake achidzika kuDhamasiko, kunotambudza ma—Makristu, nokuti vakanga vari kudzidzisa zvinhu zvinopesana nezvavakambodzidziswa. Uye akanga ari mhare huru; pasi paGamarieri, mumwe wevadzidzisi vakakurumbira vezuva iroro, muchikoro chavo, munzvimbo inogara vapisita; uye ari munhu mukuru, uye ari mubati wechinzvimbo mukereke. Zvino ndipo ipapo apo Chiedza chikuru, Shongwe yeMoto zvakare, yakamurovera pasi, pakati pezuva. Uye Inzwi rakati, “Sauro, Sauro, unoNditambudzireiko?”

<sup>29</sup> Zvino kana mukacherechedza apo Pauro, Sauro, paakasimuka, akati, “Ishe, ndiMi Ani?” Zvino, mukomana uyu, nokuti aiva muJudha, zvirokwazvo haangadai akadana chimwe chinhu, kunze kwekunge chainge chiru chimwe chinhu

chinofananidzira Mwari, angadai asina kuchidana kuti “Ishe.” Saka, Yaive Shongwe yeMoto imwe cheteyo.

<sup>30</sup> SaJesu akati, “Ndinoenda kuna Mwari. Ndakabva kuna Mwari, uye Ndinodzokera kuna Mwari.”

<sup>31</sup> Heunoi Uyo, adzokera muchimiro cheShongwe Yemoto zvakare; Akati, “Ndini Jesu Wauri kutambudza; uye zvinokuomera kubanha zvibayo.”

<sup>32</sup> Uye tinocherechedza kuti muApostora Petro, uyo akapiwa makiyi ekuvaka Kereke, tinoona kuti akanga ari mutorongu, uye Shongwe yeMoto imwe cheteyo yakauya nemumasimbi, ndokuzarura mikova yetirongo, uye ndokubuditsa Petro kunze, zvisinganzwisisiko, pasina kana kumbokanganisa mutariri wetirongo. Kwandiri, NdiJesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

<sup>33</sup> Uye zvino unozoziva nguva dzose chero chinhu nokuda kwehunhu hwacho. Chinhu chose chinozivikanwa nokuda kwehunhu hwacho, muchero wachinobereka. Uye ndinokukumbirai kuti mutarise mhando yemuchero waChinobereka, Chiedza ichi chinova Mwari, nokuti Chinodzokera nguva dzose kuShoko raMwari, pamwe nokuratidza Shoko raMwari, kuparidza Shoko raMwari, uye Mwari vanoratidza Shoko iroro kuve zvinhu zvinobatika pamberi penyu. Panofanira kuva nechimwe chinhu shure kwaCho.

<sup>34</sup> Vanhu vakandidana kuti muporofita. Handizvidane kuti muporofita, nokuti hazvibviri kuti nditombotaura kudaro, asi ndine... Handiti, ndinogona kutaura izvi, zvokuti Ishe vakandiita kuti ndifanoona zvinhu, nokutaura zvinhu zvakaitika, zvichaitika, zviri kuitika, uye hapana kana imwe nguva pazvakambokundika, kakawanda zvakapetwa makumi ezviuru. Zvose zvaAkataura kuti zvaizoitika, zvakaitika. Tose tinozviziva. Kana paine munhu muungano iri kuoneka pano mangwanani ano, kana kumwewo, anogona kuti pane imwe nguva zvakakundika, wakasununguka kusumuka nokutaura kudaro. Asi kana munhu wese achiziva kuti nguva dzose, dzezviuru zvakapetwa, zvanga zviri izvo zvemazvirokwazvo, itai, “ameni.” [Ungano inoti, “Ameni!”—Mupepeti.] Maona? Saka chinova chinhu chimwe chete kupoterredza pasi rose.

<sup>35</sup> Chimwe chinhu chave kuda kuitika. Mwari havatumiri zvinhu izvi pasina chinangwa seri kwazvo.

<sup>36</sup> Ndanga ndiri kungofunga pano. Ndazviisa pano, chimwe chezvinyorwa zvangu. Kutu ndakapfeka mangwanani ano, macuff links... Uye vazhinji venyu makanzwa nezvemutambi wemabhaisikopo, Jane Russell, uye amai vake muPentekosti; zvino Danny Henry ihanzvadzi yake, hanzvadzi yake yekuna anaamai, mwana wemukoma waamai vake. Aiva muBaptisti.

Akanga akamira pamusangano, musangano wemaBusiness Men muLos Angeles, California, makore maviri apfuura.

<sup>37</sup> Zvino ndakanga ndichangobva mukupedza kutaura zvitaurova zvikuru, zvakasimba, zvine chisimba; zvokuti kunyange mutariri, mumwe wevatariri vakuru veAssemblies of God, akadzika ndokuuya kupuratifomu achibva kumusoro kubharikoni kwaakanga agere, uye ndokuti, “Handitendi kuti Hama Branham vanga vachireva izvozvo.”

<sup>38</sup> Ndikati, “Ndinofanira kuzvirevesa, changamire. IZVANZI NAJEHOVHA.” Uye, ipapo, zvaive pamusoro pekereke muzera rino.

<sup>39</sup> Uye senguva idzodzo, murume wechidiki uyu anova muzvina bhizimu... Mukoma wake ari uko... akanga ariko achitora mifananidzo yekuitira terevhizheni mangwanani iwayo, mumwe mukoma wake ndi—ndiforomani wehurumende wemigwagwa muCalifornia. Zvino Danny Henry akafamba ndokuuya mberi mushure mokunge musangano wavharwa, papuratifomu, sezvizi, apo varume vose vainge vakagara, ndokuuya kuzondimbundira nemawoko ake. Zvino akataura mashoko aya, “Hama Branham, ndinotarira kuti izvi hazvinzwe sokumhura, asi,” ndokuti, “iyoyo inogona kuitwa chitsauko 23 chaZvakazarurwa.” Ipo, panongori nezvitsauko makumi maviri nezviviri muna Zvakazarurwa. Akati, “Ndine tariro yokuti hazvinzwe sokumhura.” Asati ambopedza kutaura kudaro... Zvino, mukomana uyu akanga ari muBaptisti, pasina chaanoziva nezvemweya. Akandimbundira nemawoko ake, akatanga kutaura nemumwe mutaro.

<sup>40</sup> Paakapedza kutaura nemumwe mutaro, paiva nemumwe mudzimai mu—mufemu, mutema aive agere pamberi pangu, akasimuka, ndokuti, “Hazvidi kududzirwa.” Akati, “Ndinobva kuShreveport, Louisiana, kana, Baton Rouge, Louisiana.” Akati, “ChiFrench chakajeka.”

<sup>41</sup> Victor Le Doux, uyo aiva murume wechiFrench, akanga akagara ipapo zvakare, akati, “Zvirokwazvo, ndiri murume wechiFrench, uye icho changa chiri chiFrench chakakwana.”

<sup>42</sup> Ndakati, “Mirai zvishoma. *Iwe* nyora pasi zvaataura, uye *uwe* nyora pasi zvaataura, musati mataura chimwe chinhu. Nyorai pasi zvamunotaura, uye tozoona zvinyorwa zvenyu.” Zvino saizvozvo mumwe akanyora pasi, uye mumwe wacho ndokunyora pasi, kunyange zvifemo zvemumutsara zvaive zvakafanana.

<sup>43</sup> Uye ipapo senguva idzodzo, pavakaunza zvinyorwa, mumwe mukomana airatidzika zvakanaka, wechidiki aiva nevhudzi rakachenuruka akauya achifamba achibva kumashure. Ipapo, pakanga pasina nzvimbo yakakwana yokuti agere pasi; akanga akamira kumashure. Akauya achifamba, ndokuti, “Mirai zvishoma, ndinodawo kuisawo chinyorwa, zvakare.” Akati,

“Ndiri muturikiri weFrench weU.N., United Nations.” Akati, “Ndiri kuda kusiya chinyorwa changu.”

<sup>44</sup> Uye, pano, zvose zvinyorwa zvitatu zvaive zvakafanana, zviri zveFrench. Zvino heanoi maverengekero achaiita. Ichi ndicho zvinyorwa zvepakutanga zvakatorwa, chinyorwa chakatorwa kubva ipapo. Ichi ndicho chinyorwa chaDanny, pachake, chaaive nacho muhomwe make. Saizvozvo, chakaenda muChristian Business Men, nezvakadaro.

*Nokuti wakasarudza nzira nhete, yacho nzira yakaoma; wafamba mukusarudza kwako.*

*Watora sarudzo chaiyo uye yakananga, uye iNzira yaNgu.*

*Nokuda kwesarudzo huru iyi, chikamu chikuru cheDenga chichakumirira.*

*Isarudzo yakabwinyiswa zvakadini yawaita!*

*Iyoyi pachezvayo ndiyo yacho ichapa uye nokuita kuti paitike kukunda kukuru murudo rwaMwari.*

<sup>45</sup> Zvino, murume wacho akasaina zita rake pano. “Chitaurwa chiri pamusoro chakaturikirwa na...chaDanny Henry achiporofita pamusoro paHama Branham, kwakapiwa nezvapupu zvitatu mucafeteria muLos Angeles, California.”

<sup>46</sup> Zvino, murume wechidiki uyu akapa chiporofita ichi, asiri kuziva zvainge ari kutaura, akanga ari muJerusarema kunge mwedzi wapfuura. Akava nemukana wekuenda no—nokundovata mubwiro umu makavigwa Jesu afa. Zvino saka painge avete imomo, anoti ndakauya mupfungwa yake zvakasimba kwazvo zvino ndokutanga kuchema. Akati, “Zvanga zvakaomera sei Hama Branham kumira vachipikisana nenyika nezvinhu izvi, pamwe nemachechi ose!”

<sup>47</sup> Sokutaurwa kwa—kwazvakamboitwa nezve mumwe, maererano naBilly Graham, akati, “Tinogona kuona Billy Graham, nokuti machechi ose akabatana pamwe chete kwaari. Tinoona Oral Roberts, Mapentekosti. Asi ko tingava sei nechimwe chinhu, kana Chichipesana nezvakadzidziswa vanhu?” NdiMwari.

<sup>48</sup> Uye, Danny, zvaanoita zvinomotandadza, anogadzira matombo maduku. Akafamba ndokuenda paive pakadzimirwa Muchinjikwa pasi, apo pavaiti Muchinjikwa wakanga wakadzimirwa mudombo. Hapana akanga aripo ipapo, saka akakwachura kachimedu kedombo ndokukaisa muhomwe make kuti kazove chirangaridzo, ndokuuya kumba ndokundigadzira macuff link maviri kubva kwakari. Zvino, zvinoshamisa, paakaagadzira, airatidzika sokunge aive nemadzvanga eropa. Uye kupfuura nemukati merimwe nerimwe rawo, zvichienderera mberi, panomhanya nemuhwezva wakatwasuka, mutete uchipfuura nemaari ari maviri. Zvino zvinogona



kunge zvingori..Munoona, mumwe munhu anogona kutadza kuzvicherechedza, asi kwandiri zvinotsigirana nezvinhu zvandinotenda. Ndinotenda kuti chinhu chose chine zvachinoreva.

<sup>49</sup> Uye zvino, munguva ino, chero icho Ishe vanga...Kana ichi chisiri icho chinhu chaVakaporofita nezvacho, chaMaraki 4 uye zvakare nezvaRuka 17, pamwe nemamwe Magwaro akawanda ari kuzoitika muzuva rino rokupedzisira, regai nditaure izvi mukuvhara, zvaisa hwaro kuitira munhu wacho paachazouya. Saka ndinotenda zvikuru kuti Mwari Samasimba, kana zviri izvo, wandiita kuti ndiitewo chimwe chinhu chiduku, muchinhano changu chekusadzidza, kuratidza kukoshesa kwangu rudo rwaVo kwandiri, rudo rwangu kwaVari, pamwe nerudo rwedu kuvanhu.

<sup>50</sup> Nokudaro, mukuperera, ndinouya kuchidzidzo ichi che*Kuroorana NeKurambana*. Dai Mwari vatinzwira ngoni tose.

<sup>51</sup> Uye zvino nyatsoteereresai. Uye, hanzvadzi, musasimuke muchibuda panze; garai henyu chinyararire kwechinguva. Hama, itai zvimwe chete. Musadzima michina yenyu kunze uko, pane zviri kuuya pamubatanidzwa wenhare. Musadaro. Ingogarai chinyararire kwemaminitisi mashoma, kusvikira zvapera. Nyatsoteereresai. Kana usingawirirane nazvo, nyora pasi Magwaro andashandisa, zvino onoanzvera wanyatsonamata usati watora sarudzo yako.

Mwari, vatibatsire patiri kuedza kusvika pachidzidzo ichi.

<sup>52</sup> Zvino, chinonogona kunge chakati rebei zvishoma. Handidi kuti munge muri muchimbi-chimbi. Zvino chingotorai nguva yenyu, tose, tonzvera Shoko raMwari, muchokwadi nemazvo, sokuziva kwatinoita kuRinzvera.

<sup>53</sup> Ngatitangei naMutsvene Mateu, chitsauko 19. Uye kutanga, ndinofunga, nendima 8 yechitsauko 19, ndinoda kutanga. Ndinogona kutangawo zvakare ne 1, ndoverenga ndichidzika kusvika kundima yechi 8 yechitsauko 19.

<sup>54</sup> Zvino, rangarirai, zvinhu izvi zvandinotaura zvinofanira kubva muShoko raMwari. Haangava maonero angu, nokuti maonero angu akangofanana neemumwewo munhu wese. Asi zvinofanira kunge zvichienderana pamwe neShoko raMwari. Rangarirai, Mwari vanochengetedza zvinhu zvose zvichienderana. Havashanduke. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Munozvitenda here izvozvo? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ndiye mumwe chete.

<sup>55</sup> Zvino ndichaverenga kubva muchitsauko 19.

Uye zvakaiteka kuti, *Jesu wakati apedza mashoko iwayo, akabva Garirea, akaenda kunyika yeJudhea mhiri kweJorodhani;*

*Vanhu vazhinji-zhinji vakamutevera; akavaporesa . . .*

*VaFarise vakauya kwaari, vakamuidza, . . .*

<sup>56</sup> Ndambomirira ipapo kuitira kuti mugone kuwana kusimbiswa kuti ndivana ani vakanga vari kuMuedza.

*. . .vachiti kwaari, Ko munhu unotenderwa kurasha mukadzi wake nemhaka ipi neipi here?*

*Akapindura akati kwavari, Hamuna kurava here, kuti uyo wakavasika pakutanga wakavaita murume nomukadzi,*

*Akati, Nokuda kwaizvozvo murume uchasiya baba . . . amai, agonamatira kumukadzi wake: ava vaviri vachava nyama imwe?*

*Nokudaro havachisiri vaviri, asi nyama imwe. Zvino izvo Mwari zvaakasonganisa, munhu ngaarege kuzviparadzanya.*

*Vakati kwaari, Mosesi wakagoraireiko kuti murume amupe rugwaro rwokumuramba, uye . . . agomurusa?*

*Uye Akati kwavari, Nokuda kwovukukutu wemoyo yenyu Mosesi wakakutenderai kurasha vakadzi venyu: asi kubva pakutanga zvakanga zvisina kudaro.*

Zvino, Mwari, vatibatsire.

<sup>57</sup> Gwaro iri, mubvunzo uyu, wakasangana naJesu pakutanga kweshumiro yaKe. Uye wakasangana naMosesi pakutanga kweshumiro yake. Mubvunzo uri pakutanga mumoyo yevatendi. Mutadzi haana hanyin'a. Asi zviri kuvatendi, nokuti mutendi ari kuedza kuita zvose zvaanoziva kuita kuti ararame zvakanaka pamberi paMwari. Nokudaro iwo, chero mubvunzo unouya pane zvokunamata, ipapo nyaya yeKuroorana NeKurambana inobva yauya, (sei?) nokuti ndiyo honzero yechivi chokutanga. Ndipo pakatangira chivi. Uye ndicho chikonzero uchiunzwa nguva dzose, nokuti ndiwo mavambo acho chaiwo echivi.

<sup>58</sup> Zvino handisi kuzova nenguva yekutsanangura zvinhu zvose izvi, asi ndichafara kupindura tsamba yako kana chose chandinogona. Kana kuti, tine mabhuku akanyorwa nezvazvo, pamwe nemibvunzo yakawanda, kunyange zvakachekwa kubva mumapepanhau nezvinhu pano, kuratidza izvi, tinoziva kuti akanga ari Evha (Apurosi raanonzi akadya, apo zvisimbiri muMagwaro, iye zvino vave kutaura kuti raiva apurikoti; rakanga risiri chero rerimwe rawo.), akaita upombwe, zvikaunza mwana wekutanga, uyo aiva Kaini, mwanakomana waSatani pachake, nokuti maari maigara chakaipa. Hachina kuuya nemuna Abheri. Mwanakomana waSatani aiva Kaini.

<sup>59</sup> Ndinoziva mubvunzo wenyu zvino, "Evha akati, 'Ndawana munhu kubva kunaShe.'" Ndizvozvo chaizvo.

<sup>60</sup> Unogona kutora mukadzi akaipisisa muguta, murume akaipisisa; kana vakava nemwana, anotofanira kubva kunaShe,

nokuti Mwari vane mirawo yakagadzwa pamwe chete. Zvino mirawo iyi, sezuva kuti rigobuda; kana ukaisa chaguduma mumunda wakanaka, chinokura. Uye chinotofanirwa kukura, nokuti murawo waMwari. Kana mbeu yadyarwa, inofanira kukura. Hapana chinomeresha hupenyu kunze kwaMwari, nokuti zvinofamba pasi pemirawo yaKe. Nokudaro apo mbeu yakaipa payakadyarwa mumimba ya—yaEvha, yaitofanira kubereka, nokuti murawo waMwari wekuberekana. Uye hapana zvimwe zvawaigona kuita kunze kwekumubereka, uye aitofanira kubva kuna Mwari.

<sup>61</sup> Ndicho chikonzero vanhu vachiti, “Vana vacheche,” dzimwe nguva, “vasina kuberekwa nevabereki Makristu, vakarasika.”

<sup>62</sup> Ropa raJesu Kristu rinoreverera mwana iyeye, handina basa kuti akazvarwa sei kana kuti akazvarwa zvakaipa sei. Ndiye Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika. Mwana mucheche haagone kutendeuka, nokuti haana chokutendeuka, uye ndicho chivi chenyika chakabviswa neRopa raKristu. Vana vacheche vanoenda Kudenga.

<sup>63</sup> Chivi chokutanga, uye ndicho chikonzero chi—chiri kubvunzwa. Kana chimwe chinhu chikuru chinoshamisa chabva kuna Mwari, kuda chinhu chokutanga: “Ko zvekuroorana nekurambana?” Zvino, sakare, uchingori mubvunzo pakati pevanhu. Sezvazvaiva munguva dzaJesu, sezvazvaiva munguva dzaMosesi, zvagara zvakadaro, uye zvakadaro kusvika muzuva rino, mubvunzo pakati pevanhu, nokuti vanhu vanoda kuziva Chokwadi.

<sup>64</sup> Asi pane mubvunzo, panofanira kuvawo nemhinduro. Uye zvino zvairi mhinduro, sokutaura kwandakamboita, svondo rino, panofanira kuva nemhinduro yechokwadi. Uye kana tikawana mhinduro kune chero chinhu, uye i—isina kunaka, ipapo tinoziva kuti yakatsveyama. Asi iripo, unoramba uchibvunza kusvikira mubvunzo wechokwadi wapindurwa, kana uchida kuziva Chokwadi. Uye nokuti uyu mubvunzo wemuBhaibheri, inofanira kuva iri mhinduro yemuBhaibheri.

<sup>65</sup> Zvakafanana nezvandakataura, kana ndichida kuenda kumabvazuva mangwanani ano; uye maziviro akanakisisa andaizozviita, ndaifanira kuwana chimwe chinhu mumunda, uye chinge chiri kumabvazuva chaiko, zvino ndoenda kumabvazuva. Mumwe munhu oti, “Hama Branham, *uku* ndiko kumabvazuva.” Kumabvazuva, pakukwanisika, asi kuchamhembe kwakadziva kumabvazuva. Ndaizopfuura chinhu chacho chandiri kutsvaga; ndainodzoka, ndichiziva kuti handiko. Uye ipapo mumwe munhu akati, “Hama Branham, endai *neuko*, nechekurudyi kwenyu.” Zvino, kwakaita sokumabvazuva, zvakare, asi kumawodzanyemba kwakadziva kumabvazuva. Ndinoshaya chinhu chandanga ndiri

kutsvaga, nokuti ndapfuurira miganhu yenzira yakakwana uye yakananga.

<sup>66</sup> Zvino, kana zvakadaro, tine pfungwa mbiri pamusoro *Kuroorana NeKurambana*. Uye zvokuti, imwe yacho inotaura, kuti, “Murume unokwanisa kungoroora kamwe chete, kunze kwekunge mudzimai wake afa.” Uye ndiwo mumwe wemibvunzo, asi, ukatevera nyaya iyi, unokwanisa kupfuurira mwero. Uyezve unotevera unoti, “O, kana mudzimai kana murume, chero mumwe wavo, akaita upombwe, chero mumwe wavo anogona kurambwa zvino wochata zvakare.” Unozviwana wakarasiika naizvozvo.

<sup>67</sup> Saka, munoona, hakusi kumawodzanyemba kwakadziva kumabvazuva kana kuchamhembe kwakadziva kumabvazuva; tiri kuda kumabvazuva kwakananga. Unopererwa neMagwaro kana ukaenda *neuku*, unopererwa neMagwaro kana ukaenda *neuko*. Tinoda kuziva apo Gwaro rinosangana neGwaro, uye toziva Chokwadi chazvo. Chimwe chazvo chinotora gwara rakasiyana, uye chotadza kuunza mhinduro yechokwadi, asi zvakadaro panofanira kuva nemhinduro.

<sup>68</sup> Zvakaita kunge, nhasi, pane pfungwa mbiri huru padzidziso mukereke; imwe yacho iCalvinism, imwe yacho iArmin-... Arminianism. Imwe yacho ndeye murairo, imwe yacho ndeye nyasha. Zvino tinooona kuti vanhu vanotenda munyasha, maCalvinisti, vanoti, “Mwari Arumbidzwe, hazvindinetse kuputa. Hazvindinetse kunwa. Ndinogona kuita zvinhu izvi, ndine chengetedzo yeKusingaperi.” Zvino tinoona rimwe divi, rezvemurairo, roti, “O, ndiri kuda kumupopotera, ndiri kuda kunyatsomuudza zvandinofunga, asika, ndiri Mukristu, ndinofanira kuramba ndakanyarara.” Munoona, unozviwana uri pane nzira mbiri dzakasiyana, uye pasina imwe yadzo iri yechokwadi. Zvino, zvakaoma kuzvitaure, asi ichokwadi.

<sup>69</sup> Tinozviwana tiri panzira mbiri dzakasiyana; imwe ichienda neimwe nzira, imwe nekumwe. Zvino ngationei kuti Chokwadi ndechipi.

<sup>70</sup> Zvino teererai, uye mugoona kana dziri pfungwa dzakanaka kwamuri. Sokuti, kana ndichinge ndagadzirira kuenda mhiri kwemakungwa. Zvino ndinotora mhuri yangu. Ndinodana mudzimai wangu kuti auye kwandiri, zvino ndinoti, “Tiri kue-...Ndiri kuenda mhiri kwemakungwa, mudiwa.” Zvino herinoi divi remurairo, “Zvino, mudzimai wangu, ndiri kukupa murairo! Kana ukaita zverudo nemumwe murume pandinenge ndaenda, kana ndichinge ndadzoka uri mudzimai akarambwa. Uye handidi kuti uite mesomeso, handidi kuti uite zverudo! Uri kuzvurwisisa here? Ndini murume wako! Kana ukazviita, ndichakuramba pandinodzoka.”

<sup>71</sup> Zvino mudzimai anosveverera ondibata patai, zvino oti, “Murume wangu akanaka, ndinoda kukuudza chimwe chinhu,

unoona, unoona, kana ukaita mesomeso kune mumwe mukadzi, kana ukatora mumwe mukadzi woenda naye, kana kuita zverudo nemumwe mukadzi, uchange uri murume akarambwa paunodzoka.” Zvino, ungava here musha une mufaro? Ndivo vemurairo. Zvakanaka.

<sup>72</sup> Zvino, rimwe divi nderokuti, kana ndikaenda mhiri kwemakungwa ndonokanganisa...Ndinoenda zvino ndoti, “Zvino, munooona, ndichatora mukadzi *uyu* ndoenda naye. O, zvakangonaka nemudzimai wangu, haana hanyn’a nazvo.” Mudzimai wangu oti, “Ndichaenda nemurume *uyu*. Zvakangonaka naBill, haana hanyn’a.” Kana ndisina hanyn’a, ipapo pane chakatsveyama neni; handimude mudzimai iyeye nemazvo. Uye kana iye asina hanyn’a, pane chakatsveyama naye. Iye mudzimai wangu; handidi mumwe murume kuti atambe naye. Mudzimai *wangu*.

<sup>73</sup> Zvino, nzira yacho chaiyo, ndeyekuti, pane dzose dziri mbiri dzine chokwadi, asi kwete Chokwadi chizere.

<sup>74</sup> Zvino kana ndoenda mhiri kwemakungwa, kuzvigadzirisa, mhuri yangu duku inoungana, zvino tonamata pamwe chete. Uye ndinovakumikidza kuna Mwari, uye ivo vanondikumikidza kuna Mwari. Zvino kana tadararo, tinoenda mhiri kwegungwa... Ndinoenda mhiri kwemakungwa. Zvino, ndinoziva kuti anondida; ndine ruvimbo maari. Uye ndinomuda; ane ruvimbo mandiri. Chero bedzi ndichimuda zvakadararo, haazombonetseki neni kuti ndichaenda nemumwe mukadzi. Chero bedzi achindida zvakafanira, handiti, hapachina chikonzero chokuti ndifunge pamusoro pemumwe murume achimutora achienda naye, nokuti mudzimai wangu uye ndinomutenda.

<sup>75</sup> Ndinotenda kuti, kana ndikanyatsoita chimwe chinhu chakaipa, ndokanganisa ndoenda nemumwe mukadzi, uye ndodzoka ndozvireurura kwaari, uye ndomutaurira, “Meda, ndakanga ndisingade kuzviita. Ndakangobatwa mumuteyo; mukadzi uyu akangomhanyira kwandiri zvino—zvino ndokundibata paruwoko zvakasimba, zvino ndokutanga *zvakati-zvikati*,” Ndinotenda kuti anonzwisisa. Ndinotenda kuti anondiregerera nokuda kwazvo. Asi handizviiti, zvachose, nokuti ndinomuda. Kunyangwe achindiregerera, handizviiti. Handiangambomurwadzisa, pasina. Kunyangwe ndichiziva kuti anondiregerera nokuda kwazvo, handidi kumurwadzisa.

<sup>76</sup> Uye ndiyo nzira yazviriwo naMwari. Kana ini...kana rudo rwefilio, rwunova rudo rwemunhu, rudo rwekuyanana, rwunoita kuti munhu anzwe zvakadararo pamusoro pemudzimai wake; ko kuzoti rudo rweagapo, shoko rechiGiriki rinoreva “rudo rwaMwari,” ko irworwo rwunozondiita kuti ndiite sei kuna Jesu Kristu? Ini, chero bedzi ndichida kuenda kunozviita, zviri mumoyo mangu kuti ndizviite! Kana...ndinoti, chero bedzi zviri mumoyo mangu kuti ndizviite, ndinoenda kunozviita.

Zvemurairo hazvinditenderi kuti ndizviite, nokuda kwekuti ndinoziva kuti ndinozorangwa kana ndazviita. Asi Chokwadi chazvo chemazvirokwasvo ndechokuti, kana rudo rwaMwari rwauya mumoyo mako kusvikira unenge *uchida* kuZviita. Ndicho Chokwadi chazvo. Hedzo pfungwa dziya mbiri. Kwete zvemurairo kana zvimwe, kana chiCalvinism, zvose zviriviri.

<sup>77</sup> Zvino tinoona nhasi, zvakare, kuti pane masangano akawanda akasiyana. Pane kereke yeKatorike, kereke yemaProtestanti. Imwe neimwe yadzo inoti ivo ndivo Nzira, munoona, “Tine Nzira, ndisu Chokwadi.” Hepanoi muMethodisti, anoti, “Tine Chokwadi.” MuBaptisti anoti, “Tine Chokwadi.”

<sup>78</sup> Saka, kwandiri, chero bedzi vachinzwa nenzira iyoyo, handizvo, nokuti Jesu akati, “Ndini Chokwadi.” Maona?

<sup>79</sup> Nokudaro, sezvaiva mharidzo yangu nezuro manheru, kuti ndiYe nzvimbo apo Mwari vakaisa Zita raVo, nzvimbo yoga yokunamatira. Hausi Mukristu nokuda kwekuti uri muKatorike. Hausi Mukristu nokuda kwekuti uri muMethodisti, Baptisti, kana muPentekosti. Uri Mukristu nokuda kwekuti wakabhabhatidzwa muna Jesu Kristu, neMweya Mutsvene, kwete nemvura. “Pane Kutenda kumwe chete; Ishe mumwe chete; rubhabhatidzo rwumwe chete,” ndirwo rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Rubhabhatidzo mumvura rwunokuisa muruwadzano. Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwunokuisa muna Kristu. Hechinois Chokwadi.

<sup>80</sup> Tinewo zvakare pfungwa mbiri pane *Kuroorana NeKurambana*. Zvino, nokuti, Ishe wedu akazarura chakavanzika cheZvisimbiso Zvinomwe zveShoko raKe kwatiri, mumazuva ano okupedzisira. Zvino, vazhinji venyu, izvi zvinogona kuba chiGiriki kwamuri, asi kereke yangu inonzwisisa. Nei? Makanzwa nezvezviratidzo pamwe nezvakaitika. Zvino mubvunzo uyu mubvunzo wemuBhaibheri, tiri kukokwa pano kuti titende kuti panofanira kuba nemhinduro yechokwadi kune chakavanzika chose chakavanzwa changa chakavanzwa kubvira nyika isati yavambwa. Uye Bhaibheri rinoporofita uye richiti muzuva rino zvakavanzika izvi zvichazivikanwa. Zvakazarurwa 10, “Uye pakuridza kwemutumwa wechinomwe, mutumwa wemuRaodhikia, zvakavanzika zvaMwari zvichazozivikanwa.” Zvino rino ndiro zera rokupedzisira, rinova Raodhikia.

<sup>81</sup> Tarirai rumutsiro rwese urwu rwaendeka kwemakore gumi nemashanu kana kudarika, uye hapana kana sangano rimwe chete rakabva kwarwuri. Luther akava nerumutsiro, pakabuda sangano; Wesley, kwakabuda sangano; Alexander Campbell, kwakabuda sangano; vose vamwe vakuru vaya...John Smith nevamwe vakadaro, masangano, Moody, nguva dzose.

Asi hepanoi panga paine rwumwe...Kazhinji rumutsiriro rwunoguma mushure memakore anenge matatu. Asi urwu rwanga rwuchiendeka kwemakore anodarika gumi nemashanu, uye hapana sangano rimwe chete rambomuka kubva parwuri, nokuti ino inguva yeMbeu. Hapachisina chikwande; mushure mokunge chimwe chikwande chaenda, yave Mbeu.

<sup>82</sup> Mwari vagadzirira, ndokunge Vasiri kutozviiita iko zvino, Vari kuzodana Kereke mukukwaniswa neShoko raVo, Jesu Kristu. Cherechedzai, panofanira kuva nemhinduro pane imwe nzvimbo, uye iri Chiya, chakavanzika chaMwari chakasimbiswa kanomwe, Zvisimbiso Zvinomwe.

<sup>83</sup> Vangani vanozvinzwisisa, simudza ruwoko rwako. Tionei. Ndinofunga kuti vakawanda vavo iungano yedu inobva munharaunda, teererai. Kana zvisiri izvo, mabhuku achabuda nenguva isipi, pamusoro pechidzidzo. Tine mabhuku, mamwe mabhuku pane Izvozvo zvino.

<sup>84</sup> Jesu, pataverenga, anotikoka kuti tidzokere pakutanga, kuti tiwane mhinduro yechokwadi yeMagwaro.

<sup>85</sup> Zvino, paAkasangana nezvizvi, paiva nezvinhu zviviri zvakanga zviri kuoneka. Vaprisita vakati kwaAri, “Ko murume anogona here kuramba mudzimai wake, oroora mumwe, nokuda kwechikonzero chese-chese?”

Zvino Jesu akati, “Zvakanga zvisina kudaro kubva pakutanga.”

Zvino vakati, “Mosesi akatitendera kunyora rugwaro rwekumuramba, uye nokumuramba nokuda kwechipi nechipi chavanenge vachida.”

<sup>86</sup> Akati, “Izvozvo, Mosesi akazviita nokuti,” ndiri kurega zvichimbosinina kwechinguvana, “nokuda kwehukukutu hwemoyo yenyu; asi kubvira, kana kuti pakutanga zvakanga zvisina kudaro.” Mubvunzo wacho!

<sup>87</sup> Mubvunzo nhasi, sewerugare rwepasi pose, “Rwuri kuuya here nezvematongerwo enyika, mubatanidzwa wenyika, zvabatana?” Ndinoti kwamuri, kwete. Zvagara nguva dzose zvichikundika, uye zvichakundika zvakare. Asi panoramba paine mhinduro yechokwadi kumubvunzo, “Pachava here nerugare panyika?” Hongu, kana chivi chichinge chabviswa panyika, pachava nerugare. Asi kusvikira panguva iyoyo, pachange pasina rugare; “rudzi rwuchamukira rumwe rudzi, humambo huchirwisana nehumwe humambo.” Mwari vakapa muchidzo unopedza chivi. Nyatsoteereresai zvino. Mwari vakapa muchidzo unobvisa chivi kubva panyika, asi munhu wepanyika haagamuchire muchidzo waMwari unopedza chivi.

<sup>88</sup> Mwari vakatipa muchidzo pamwe nenzira yekuroora madzimai edu pamwe nokugara navo, asi munhu haagamuchire muchidzo waMwari, haagamuchire Shoko raVo pazviri. Jesu

akazviturea izvi. Uye zvinotirangaridza zve—zvemaShoko aKe, tichiziva kuti Akati, “Matenga nenyika zvichakundika, zvichapfuura, asi aNgu haakundike.”

<sup>89</sup> Mubvunzo, mhinduro yechokwadi iyo Jesu anoda kuti tidzokere kwairi, ndeye kudzokera pakutanga. Zvino, munenge muri muna Genesi, nokuti shoko rokuti *Genesi* chitsauko chembeu kumubvunzo wese uri muBhaibheri. Uye nguva dzose unofanira kudzokera kumbeu kuti uone kuti imhandoi yembeu iri mumunda, kuti uone kuti zvirimwa zvako zvichange zvakaite sei. Zvino, imhandoi yembeu yakadyarwa? Genesi, zvachiri chitsauko chembeu, tinodzokera kuna Genesi. Jesu anotizivisa kuGwaro iroro, “pakutanga.” Zvino, rangarirai, ndipo pakatangira mavambo enguva. Kumashure kwezvo, raiva Ziendanakuenda. Zvino, mubvunzo wedu ipapo wanga uri wekuti, cherechedzai, kana tikadzokera pakutanga.

<sup>90</sup> Zvino musakundika izvi! Uye ndicho chikonzero ndiri kuda kutaura zvishoma nezvishoma, kuitira kuti vanhu vari kunze pamawaya, uye kuti tepi ichazviturea zvakaite.

<sup>91</sup> Kana Jesu akati, “Dzokerai pakutanga,” paingova bedzi nezvinhu zvaingova zviri zviriviri-zviriviri panyika. Paiva naAdhama mumwe chete, Evha mumwe chete, vakabatanidzwa naMwari oga. Bhiza hadzi rimwe chete, mukono mumwe chete; sheshe yechihwenga imwe chete, mukono mumwe chete. “Pakutanga,” sokutitaurira kwaAkaita kuti tidzokere, kwaingova nezvinhu zvainge zviri zviriviri-zviriviri. Ichokwadi here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, tinoona kuti zvinhu zvose “pakutanga” zvakanga zviri kufamba muhurongwa hwakakwana muhumwe naMwari, hapana chakanga chakatsauka.

<sup>92</sup> Zvinhu zvose mudenga zvichiri muhurongwa; nyeredzi dzose, makwara enzou, hurongwa hwenyeredzi, zvinhu zvose zviri muhurongwa hwakakwana. Chimwe chazvo chikafamba, chinovhiringidza hurongwa hwese.

<sup>93</sup> Zvino teererai. Muri kuona here? Kukanganisa kumwe chete kunovhiringidza hurongwa hwese! Zvino, apo vanhu vakanga vari kufambirana pamwe chete naMwari, paine murume mumwe chete nemudzimai mumwe chete, mudzimai uyu akatadza uye zvikakandira hurongwa hwese hwepanyika mukusafambirana pamwe naMwari. Nokudaro, shoko rimwe rinowedzerwa kuBhuku iri, kana Shoko rimwe rinobviswa paRiri, zvinokandira Mukristu mukusafambirana pamwe naMwari, zvinokandira kereke mukusafambirana pamwe naMwari, zvinokandira mhuri mukusafambirana pamwe naMwari. Mutendi wese anogona kukandirwa kunze, nokusatenda Shoko rose raMwari.

<sup>94</sup> Zvino, akanga ari mukadzi akakonzero kupatsanurwa kwemusha wakanga wakanaka. Yakanga isiri Kerubhi



yakanetsa nyika. Haasi Adhama akakandira musha kunze. Chakanga chisiri chimwe chinhu zvacho chakakandira musha kunze, nokuisa zvinhu zvose mukusafambirana, asi mukadzi, Evha. Zvino ndipo pano apa “mavambo,” akataurwa nezvawo naJesu, akadimurwa. Jesu akati, “Pakutanga, Mwari vakagadzira murume mumwe chete, mukadzi mumwe chete, wemhando yoga-yoga.” Uye zvino mukadzi uyu . . . kwete bhiza gadzi, kwete imbwa hadzi; asi mukadzi, akatyora kufambirana kwese kwemashandiro aMwari panyika, ndokukandira zvinhu zvose murufu. Mukadzi, kwete murume, akatyora sungano. Akatyora sungano, nokuti (sei?) akayambuka miganhu yeShoko raMwari. Zvino, kana akatyora sungano yake nemurume wake, akatyora sungano yake naMwari; zvino, nokuti akatyora sungano naMwari, akaityora nemurume wake.

<sup>95</sup> Zvino kana ukatyora vimbiso yako pamwe nesungano yako kuShoko raMwari, ndizvo zvakakonzero nhengo dzekereke dzehupombwe dzakawanda, nokuti boka revarume rakauya pamwe chete zvino ndokuti, “Zvakanaka, Ranga risingareve *izvozvo*,” zvino zvinokandira sangano rose mukusafambirana neShoko. “Hatitendi Izvozvo. Chiremba Jones vakati haZvina kudaro.” Asi chero bedzi Mwari vakataura kuti ndiZvo, Vakati, “regai shoko remunhu wese rive nhema, uye raNgu rive Chokwadi!” Ipapo zvinoputsa kufambirana.

<sup>96</sup> Iye zvino tinoona, nokuda kwekuti kuenderara mberi kwatyorwa, ipapo gwara reHupenyu rakatyorwa, zvakare gwara renguva rakatyorwa, sungano yakatyorwa, zvinhu zvose zvakaparadzwa! Chii chakazvikonzera? Mukadzi. Ndiye akatyora sungano. Zvino, kana uchida kuzviverenga, unogona kuzviverenga, Genesi 3.

<sup>97</sup> Zvino, ndipo apo murume akaitwa kuti ave anotonga mukadzi, neShoko raMwari. Mukadzi akanga zvino achisina kuenzana nemurume. Akanga akaenzaniswa pamasikirwo, munoziva; asi, paakatyora Shoko raMwari, Mwari vakaita kuti murume ave mutongi wake. Genesi 3:16, kana uchida kuzvinyora pasi. Akanga achisina zvino kuenzana nemurume. Ndiye akava mutyori weShoko raMwari.

<sup>98</sup> Hamuoni here, “mukadzi,” mukadzi, kereke zasi kuno? Mutyori weShoko raMwari, zvakamubvisa zvachose mukufambirana. Uye ndizvo zvakaitwa nekereke, uye ndokukandira rufu rwepamweya pachinhu chose. Zvino munozonzwisa kuti sei ndichirova zvinhu izvi nemaitiro andinoita. IChokwadi! Aya mazvirokwazvo emuBhaibheri.

<sup>99</sup> Cherechedzai, sei akaita chinhu chakadaro; akazviita sei mudzimai akanaka, ane runako, akakwana?

<sup>100</sup> Ndakaona mufananidzo pane imwe nguva, ndinotenda maive muGreece, yemumwe anodhirowa akapenda mufananidzo waEvha. Aiva chinhu chakashatisisa chawati wamboona.

Ndizvo zvinoratidza zvinogona kuonekwa nepfungwa yenyama. Asi, akanga asina kudaro; akanga aine runako, nokuti akanga ari mudzimai akakwana, mudzimai azere.

<sup>101</sup> Cherechedzai, sei akaita chinhu chakadaro, ari pachinhanu chepamusoro chakadaro? Aive pamwe chete nemurume, akaenzana naye. Asi tinoziva tose zvino kuti akarasikirwa nokuenzana kwake nemurume, paakatadza, uye Mwari vakati, “Murume achava mutongi wako kubva zvino narinhi.” Zvino, ndiro Gwaro racho. Kana uchida, tinogona kuriverenga.

<sup>102</sup> Ndiri kukupai Magwaro, kuchengetedza nguva kune mubatanidzwa wenhare mukuru uyu munyika yose, kuitira kuti ugozviverengera pachako.

<sup>103</sup> Cherechedzai chikonzero chaakazviitira. Satani akasvika sei kwaari?

<sup>104</sup> Munoziva here kuti Satani akanga akaenzana naMwari pane rimwe zuva? Ichokwadi ndizvo, zvose kunze kwekuva musiki; akanga ari zvose, aimira kuruoko rwerudyi rwaMwari, kuMatenga, Kerubhi huru yaitungamira.

<sup>105</sup> Cherechedzai chikonzero chaakazviitira, akanga asiri pakusikwa kwepakutanga. Haasi pakusika kwaMwari kwepakutanga; akagadzirwa kubva kune chimwe chinhu. Nokudaro, “pakutanga,” sekutaura kwakaita Jesu nezvazvo, akanga asiri munhu akasikwa pakutanga naMwari. Akagadzirwa kubva kumurume, apo Jesu akataura nezve “pakutanga.”

<sup>106</sup> Rangarirai, Adhama akanga ari zvose murume nemudzimai, mukusikwa kwepakutanga, mumwe chete, asi zvino akapatsanurwa nembabvu.

<sup>107</sup> Cherechedzai, asi chinhu chakagadzirwa kubva kune chimwe, uye, cherechedzai, oga pazvisikwa zvose zvaMwari, zvemhuka dzose nezvimwe zvose, ndiye oga akagadzirwa zvakadaro. Dzimwe hadzi dzose dzakanga dziri pakusikwa kwepakutanga. Dzimwe hadzi dzose dzakanga dziri pakusikwa kwepakutanga, asi Evha akanga asiri pakusikwa kwepakutanga. Munoono, aitofanira kugadzira zvakadaro. Tichasvika kwazviri mushure mechinguva. Cherechedzai, mukusikwa uku kwaakanga ari, kwete kwepakutanga, asi chinhu chakagadzirwa kubva pane chimwe. Zvino mukusika uku, pane. . .

<sup>108</sup> Iye zvino handisi kuda kukurwadzisai, asi ndiri kuda kukutaurirai Chokwadi. Zvino imi chingogara makanyarara; muri kuita zvakana.

<sup>109</sup> Hapana chinhu chakagadzirwa kuva chinonyengera, semudzimai anonyengera. Hapagone kuva nechimwe zvakare; hapana chakagadzirwa kuti chinge chakadaro.

<sup>110</sup> Uyezve, hapana chinhu chinogona kunyengereka zviri nyore semudzimai. Zvino, kuwa ndiko kunoratidza kuti chitaurwa ichi ndeche chokwadi, kuwa kwepakutanga.

<sup>111</sup> Akanga asiri pakusikwa kwepamavambo pakutanga. Akanga ari muna Adhama, asi kwete semunhukadzi, pachake, pakutanga. Akanga ari chinhu chakagadzirwa.

<sup>112</sup> Zvino, hapana chinhu chakagadzirwa chinogona kunyengera, uye nokunyengerwa, zviri nyore semukadzi. Hapana chinhu chakagadzirwa kana chinogona kuderera pasi zvakadaro semukadzi. Fungai zvino. Hapana chakagadzirwa, pazvisikwa zvose, chinokwanisa kuzviredza pasi zvakadaro semukadzi. Anokwanisa kubvarura moyo wemurume kuita zvimedu zviri nyore kudarika chinhu chose chiri munyika, mudzimai wake. Rega mudzimai uya muduku anoratidzika zvakanaka atange kumhanya-mhanya nemumwe murume; tarira muchinda uya agere apo nevana vake, misodzi ichidonha kubva mumaziso ake. Akagadzirwa zvakadaro. Akagadzirwa kuti azviite. Hapana nguruve, hapana imbwa, kanazve imwe mhuka, yakagadzirwa saiye kana inogona kuzviredza pasi semaderedzero aanogona kuzviita. Zvino, izvozvo ichokwadi.

Kunemi hanzvadzi dzangu, ndiri kuda kuti mungotarisa.

<sup>113</sup> Hapana mhuka inogona kuita hunzenza. Munodana imbwa kuti “chipfeve,” imbwa hadzi, munodana mukono . . . nguruve hadzi “hochi,” asi hunhu hwayo hunodarika nemiriyoni remamaera nyanzvi dzemuHollywood dzakawanda. Ndipo pasi paanosvika achizviredza pamagadzirirwo aakaitwa. Haakwanise . . . Ingofungai izvi zvino. Hapana chimwe chinhu munyika, chakagadzirwa mukusika kwaMwari, chinogona kushaya hunhu, nokuderera pasi zvakadaro.

<sup>114</sup> Munoti, “Mirai zvishoma, ‘murume!’” Tichasvika kune izvozvo. Mukadzi anofanira kuti “hongu.”

<sup>115</sup> Cherechedzai, hapana chinhu chakagadzirwa kuderera zvakadaro, kana kuve nehutsvina, asi mukadzi. Imbwa haigone kuzviita, nguruve haigone kuzviita, shiri haigone kuzviita. Hapana mhuka inoita zvehunzenza, kana kugona kudaro, nokuti haina kugadzirwa kuti igone kudaro. Nguruve hadzi haigone kuita zvehunzenza, imbwa hadzi haigone kuita zvhunzenza, shiri hadzi haigone kuita zvhunzenza. Mukadzi ndiye chinhu choga chinogona kuzviita.

<sup>116</sup> Zvino munoona kwakaenda Satani? Maona? Asi zvakadaro ane, ndiye ane simba rokuti “hongu” kana “kwete.” Munoona, zvinongoenderana nokuti ndeapi mazvibatiro aanoda kuita. Maona? Zvino pano tinogona kuona mbeu yenyoka zviri pachena, payakapinda napo. Pane nzvimbo imwe chete kwaaigona kuenda. Kana zvikasazvisimbisa, mumwe munhu ibofu. Maona? Munoona, aifanira kuenda ikoko.

<sup>117</sup> Cherechedzai, chikonzero mhuka dzakanga dzisingakwanise kuzviita, mhuka hadzi, dzaive pakusika kwepakutanga. Asi mukadzi akanga asiri pakusika uku kwepakutanga. Zvino tiri kudzokera shure kunozvifukunura, zvino tozokuunzai zasi kusvika kuzuva rechimanjemanje, muTestamende.

<sup>118</sup> Akagadzirwa, iye oga, kuita hutsvina nokurarama zvisina kuchena. Imbwa haikwanise, uye hakuna imwe hadzi inogona. Anongori mukadzi chete anokwanisa. Imbwa kana dzimwe mhuka, kamwe chete pagore, uye kuitira kuti iite vana vayo; asi kwete kuitira mufaro wepabonde, asi kuitira vana vayo. Nguruve hadzi, neimbwa hadzi, kamwe chete pagore, nguva imwe chete, kuitira vana vayo. Asi mudzimai akagadzirwa kuzviita chero nguva yaada. Ndine zvimwe zvinhu zvakakanzurwa pano zvino; munogona kufungidzira zvasara. Imbwa haikwanise; mukadzi anokwanisa. Ndine tariro yokuti Mweya Mutsvene akuzarurirei zvasara zvandakanzura pano.

<sup>119</sup> Ndiye oga chisikwa, chisikwa chikadzi, chakagadzirwa chakanaka kudarika chirume. Hapana chimwe chisikwa pakati pechero chipi hacho. Zvimwe zvisikwa zvose zvaMwari zvakanaka kuvarume, sezviri mumhuka, shiri, nezvakadaro, nguva dzose mukono wakanaka.

<sup>120</sup> Tarira mukono mukuru wenondo, ine nyanga huru dzakanaka, chisikwa chikuru; nenondo hadzi duku, yakaninipa. Tarirai jongwe guru neminhenga yaro yose yakanaka; netseketsa duku, yebhurauni. Tarirai shiri, jongwe netseketsa. Sei, sei zvaive zvakadaro, pane zvisikwa zvose zvaMwari? Chisikwa chose, mukono wacho ndiwo wakanakisa. Pakati pemakwai, pakati pengu—nguruve, pakati pemabhiza, pakati pechero chipi hacho, nguva dzose mukono mukuru ndiwo wakanaka, uye nekushiri.

<sup>121</sup> Asi kurudzi rwevanhu, mukadzi ndiye akanaka, kwete murume; kana akadaro, pane chakatsveyama, pane mbeu yakapesaniswa pane imwe nzvimbo. Pakutanga zvakadaro. Sei, zvakaitirwei? Kuti anyengere nazvo. Mugadziri wake, Satani, achiri kushanda paari, zvakare, mumazuva ano okupedzisira.

<sup>122</sup> Regai ndimbomira pano zvishoma. “Runako!” Munoziva here, kuti pakuparadzwa kwepakutanga, kwepasi rose, kwenyika, kana kuti kwepasi pose, zvakakonzerwa nemadzimai aiva nerunako? “Vanakomana vaMwari pavakaona kuti vanasikana vevanhu vakanga vakanaka, vakazvitorera vakadzi.” Ndizvozvo here?

<sup>123</sup> Makacherechedza here kuwedzera kwerunako rwevakadzi muzuva rino? Ndakamboona mufananidzo wa Pearl O’Brien, aifanira kunge ari mukadzi akanakisisa munyika, pane imwe nguva. Hakuna musikana achangoyaruka ari muchikoro chino asingamudarike, kana zviri zverunako.

124 Kuwedzerwa kwerunako rwevakadzi kuri kuratidza nguva yekunyengera. Ndirinhi apo kereke yakamboratidzika zvakanaka kudarika zvairi nhasi? Zvinhu zvose zviri kuratidza zvivakwa zvikuru, zvakakura zvakanaka, nemamiriyoni *eizvi* nemamiriyoni *eizvo*. Hamuone here, “mukadzi,” kunyengera!

125 Zvino, hapana chinhu chinogona kuderera saiye, uye akagadzirwa kuti ange achinyengera. Zvino Satani ari kushanda kwazvo paari nhasi, mumazuva ano okupedzisira, nokuti ndiye mugadziri wake. Ndinogona kuzviratidza iye zvino. Kudzokera chaiko kumavambo, ndiyani akatanga kushanda paari, Adhama kana Satani, Mwari kana Satani? Munoono, ndiye mugadziri wake. Ndicho chombo chake chikurusa chokukandira murume mutsvina yake, ari mudzimai ane runako, anokwanisa kuendesa murume kwese kwaanoda. Hama, haisi shabhini zasi uko inobata murume; itsvarakadenga iri kufamba ichidzika nemugwagwa, achizvizvonyongotsa, asina kupfeka zvizere. Ndizvo zvinotora... Ndiye munyengeri ipapo chaipo. Uye iye injodzi narwo, njodzi zvachose. Unogona kundibvunza pamusoro pokuti Satani ndiye mugadziri wake, asi ndicho Chokwadi. Satani ndiye akamugadzira. Achiri kuzviita.

126 Regai ndikuratidzei chimwe chinhu muRugwaro. Ndinofanira kukudzoserai kuRugwaro, zvino iwe wozvitorera maonero ako paunozvitarisa nhasi.

127 Satani ndiye anonunza runako rwemhando yakadaro. Kana tikacherechedza, akanga akanakisisa kudarika Ngirozi dzose dzaive Kudenga. Ndizvozvo here? Uye akashuvira kugadzira Denga kuti rive nzvimbo yakanaka kudarika humambo hwaMikaeri. Ndizvozvo here? Uyezve, kuratidza kuti Kaini aiva mwanakomana wake, akapirisa manamatiro akawedzera kunaka, ndokushongedza artari dzake nemichero nemaruva, nezvakadaro. Ndizvozvo here? Zvakanaka! Chivi chine runako, rwatinoti runako nhasi. Uye chivi chinonyengera, nerunako. Haugone kutarisa mukadzi ari kufamba achidzika nemugwagwa ugoziva zviri mumoyo make. Maona? Asi ndanga ndichida kutaura zvinhu izvi kuti mugone kuona kuti sei Satani ari iye mugadziri wake. Ndizvozvo chaizvo, mwanakomana wake pachake akazviratidza, Kaini. Zvino, ane runako kuitira kuti agone kunyengera.

128 Nyika ine runako kuitira kuti inyengere. Ndinoreva *kosmos*, hurongwa hwenyika. Ine runako kuitira kuti igone kunyengera, nzvimbo huru dzakanaka pamwe nemafaro.

129 Rangarirai muporofita, Amosi, paakauya ndokusvika pamusoro zvino ndokutarisa pasi muguta, ndokuriona rakaita seHollywood yechimanjemanje, meso ake maduku akadukupi, pasi pevhudzi jena raive rakaremba kumeso kwake. Zvino akafamba achidzika ikoko aine Mharidzo,

zvino ndokuIputitsira panzvimbo iyoyo. Akati, “Mwari wacho wamunoti munoshumira, achakuparadzai!” Ndizvozvo.

<sup>130</sup> Chivi chine runako. Vanoratidza Judhasi sechimwe chidhakwa hacho kunze uko mumugwagwa pane imwe nzvimbo, zvino muromo wakaremba uine nhunzi mauri, nezvimwe zvakadaro, saJudhasi. Judhasi akanga akarurama pachiso, akasimba, ari munyengeri. Handiye muchinda waunongwarira pauri, handiye muchinda uyo (murimi wakare) anouya akapfeka hovhorosi, waunongwarira pamudzimai wako; ndeuyo munyengeri, ndiye mambara.

<sup>131</sup> Chivi chakanaka kumeso enyika, asi Mwari havawanikwe murunako rwemhando yakadaro. Manga muchizviziva here? Mwari vanowanikwa muhunhu, hunhu hwakanaka.

<sup>132</sup> MuBhaibheri, Isaya 53, kana muchida kunyora Gwaro pasi. Ine mitsara yeMagwaro yakanyorwa padivi pano nezvarwo. Isaya 53, Bhaibheri rakataura nezvaIshe wedu Jesu, kuti, “Pakanga pasina runako kuitira kuti tigoMuda. Uye takaita sokuvanza zviso zvedu kubva kwaAri.” Ndizvozvo here? Takanga tisingaMude, nokuda kwekuti Akanga asina runako. Pamwe akanga angori mumwe muchinda muduku, akakombama mapendekete, akatsonga, uye Akanga asingashuvirike kuva mutungamiri. Akanga asingaratidzike semutungamiri. Aitaura nematauriro emazuva ose emumugwagwa, nezvimwe zvakadaro, sezvinoitwa nevanhu, vanhuwo zvavo, saka nokudaro Akanga asingaratidzike sekunge Aive mudzidzi mukuru, akadzidza, akanaka, akapfeka magemenzi, nezvimwe zvose. Akanga angori Munhuwo zvake. “Pakanga asina runako paAri, kuti tiMushuwire.” Aifamba achipinda nokubuda pakati pevanhu, nguva dzose, havana kana kumboziva kuti Aive Ani. Akanga asingaratidzike samwari ari kufamba, izvo zvatinfunga kuti ndizvo zvaive mwari. Asi, zvimwe chetezvo, ndizvo zvaAive!

<sup>133</sup> Makacherechedza here Ishe Mwari pavakati kuna—kuna Samuiri, “Enda kumusoro kuimba yaJese unozodza mumwe wevanakomana vake, mambo, kuti atore nzvimbo yaSauro?”

<sup>134</sup> Zvino, vanhu vakasarudza Sauro, apo Samuiri akanga anyatsoaudza kuti vasadaro. Akati, “Mwari haadi kuti muve namambo; Ndiye Mambo wenyu.” Uye ndokuti, “Ndakambotaura here chimwe chinhu kwamuri, nemuZita raJehovha, kunze kwezvinoitika? Ndakambokukumbirai mari here kana chimwe chinhu, kana chimwewo, chokuti ndirarame?”

<sup>135</sup> Vakati, “Kwete, hamuna kumbotikumbira mari. Uye chero zvose zvamakataura, muZita raJehovha, zvakaitika. Asi tiri kuda mambo, zvakadaro,” saka vakasarudza Sauro. Tarisai akasarudzwa nenyika! Tarirai akasarudzwa neIsraeri! Israeri, muzodziwa waMwari, vakasarudza murume akanga aine musoro nemapendekete zvaive pamusoro pemunhu wese

munyika; muchinda mukuru, hofori, akanaka, aiva nerunako pakuratidzika, zvino akanga ari dambudziko nguva dzose.

<sup>136</sup> Asi Mwari vakati, “Ndichakusarudzirai mambo pamasaruziwo aNgu.” Saka Vakati, “Samueri, handisi kuzokutaurira kuti ndiyani, asi iwe enda kumusoro ikoko. Ndemumwe wevana komana vaJese.”

<sup>137</sup> Zvino Jese, mudzimai wake, nevamwe vose vakatarisa kwese-kwese, ndokuti, “Hongu, mwanakomana wedu mukuru pane vose, murume mukuru, murefu, akarurama pachiso, anoratidzika zvakanaka kuva nekorona yamambo. Akangwara. Akadzidza. Murume akanaka. Ndinoziva kuti ndiye anoita zvakanaka. Anotaura mashoko ake zvakanaka.”

<sup>138</sup> Pavakamuunza, Samueri akatora chinu chemafuta ndokuenda akananga kwaari. Akati, “Kwete, Ishe vamuramba.” Saka akaenda achidzika, kune vanakomana vatanhatu, zvino Ishe vakaramba mumwe nomumwe wavo. Akati, “Hakuna here mumwezve?”

<sup>139</sup> “O,” baba vakati, “hongu, pane mumwe, ari seri kunze uko kwaari kufudza makwai. Anongogara hake seri ikoko achiridza dzimbo, uye achiimba, pamwe nokudanidzira, uye achingoenderera. Asi, anongori muchinda muduku akakombama mapfudzi, anoratidzika sekaperezeka, haangamboita mambo.”

<sup>140</sup> Akati, “Endai monomutora.” Zvino Dhavhidhi paakapinda mhupo hwemuporofita, muporofita akamhanya nemafuta ndokuadururira pamusoro pake, akati, “Uye ndiye musanangurwa waMwari.” Asina runako; asi hunhu. Mwari vanotarisa hunhu.

<sup>141</sup> Munhu anotarisa runako rwepanyama. Rwunonyengera. Uye ndicho chikonzero mukadzi akapiwa runako irworwo, rwekuti anyengere, kuti anyengere. Mudzimai ane runako, akasarwushandisa nenzira kwayo, chituko kwaari; kunomuendesa kugehena nokukasika kudarika chese chinhu chandinoziva. Kana akango...Kana akangogona kuva nerunako, chokwadi, chero bedzi achigara nemurume wake uye achiita zvakanaka, zvino izvozvo—izvozvo zvakanaka kwazvo. Asi anogona kutora chinhu chimwe chete ichocho zvino, ini zvangu, anogona kunyengera narwo zvakanaka, nokuti akarwupiwa kuti adaro.

<sup>142</sup> Cherechedzai, zvino, asi Mwari vanowanikwa muhunhu. “Pakanga pasina runako kuti tide Jesu,” asi hakuna kumbova nemunhu akafanana naYe, panyika.

<sup>143</sup> Zvino tinoona, nhasi, kuti hunhu hweke—kereke, Satani neboka rake, vanotsvaka machechi makuru, akanaka, zvinhu zvakanaka. Ndizvo zvinotariswa nenyika nhasi. “O, ndimufundisi, mukuru *nhingi-nhingi* wazvino, *nhingi-nhingi*, achizvibata somuprisita nohumwari, achifamba kunze,

mazigemenzi aya makuru, nezvinhu zvakadaro.” Izvozvo vanozviti runako.

144 Asi vatsvene vemazvirokwazvo vaMwari vanotsvaka hunhu hweShoko rakasimbiswa.

145 Ndizvo zvakaitwa nevatsvene muzuva iroro, pavakaona Jesu. Akanga asiri chinhu chaifadza kutarisa, asi vakaona Mwari aive maAri. Vakaona kuti Mwari akanga aiNaye.

146 Ndizvo izvo ivo vaya, Joabhi nevanhu vaya vaiva naDhavhidhi, muchinda hake muduku, asi vakaona hu—hurume hwakanga huri maari. Vakaona kuti Mwari akanga ari maari, uye vakaziva kuti akanga ari kuuya kuzotonga pane rimwe zuva. Ivo . . . Mumwe akauraya vamwe vanun’una vashanu vaGoriati, ari oga. Mumwe akauraya varume mazana matatu; apo mamwe madzimai akanga ari kunhonga nyemba dzekudya kwamadekwana, uye mauto akanga aenda, zvino akatora pfumo ndokuuraya varume mazana matatu, vaFiristia. Hunhu! Sei? Vakagara chaipo paiva naDhavhidhi. Vaiziva kuti chizoro chakanga chiri paari, uye vaiziva kuti akanga achazotonga.

147 Mufananidzo wakachena weKereke nhasi inomira neShoko! Tinoziva kuti Ichasimbiswa. Tinoziva kuti Ichauya kuzotonga rimwe zuva. Kunyange Sauro . . . Zvino akanga ari mupanduki kune mamwe marudzi ose, asi vaiziva kuti akanga achazosvika pakuzotonga. Tinoziva kuti Ari kuuya kuzotongawo, zvakare, saka tinotora Shoko iroro tomira ipapo, zvisinei nezvazvinotora. Kana tichifanira kucheka vaFiristia, kana kusvetukira mugomba tonouraya shumba, sezvakaitwa nemumwe, tinoenda zvakadaro, nokuti ndeizvo . . . ndiwo magadzirirwo azvakaitwa naMwari kuti zvive. Tinotsvaka hunhu.

148 Munogona kundibvunza zvino, “Ko sei Vakamutendera kuti agadzirwe zvakadaro?” Handidi kutora nguva yakawandisa, nokuti ndine zvakawanda zvokutaura pano. “Sei,” mubvunzo unogona kusimuka ipapo, “sei Mwari akagadzira mukadzi yu zvakadaro? Ko sei Akamutendera kuti ange akadaro?” Zvakaitirwa kufadzwa kwaKe pachaKe kwakanaka. Chokwadi.

149 Zvino kana muchida kuzarura mumaBhaibheri enyu kwechinguvana, ngatizarurei kuna vaRoma 9, kwechinguvana, uye ndikuratidzei chimwe chinhu, kuti Mwari vanoita sei zvinhu izvi, kana muchida ku—kupaverenga. Uye tinogona kuona pano zvinoitwa naMwari zvichiitirwa kufadzwa kwaKe pachaKe kwakanaka. VaRoma 9:14.

*Zvino tichatiiko?*

*Kusarurama kuripo kunaMwari here? . . .*

150 PaVakasaruza Esau, kana kuti kusaruza Jakobho uye ndokuramba Esau, pokuti chero mumwe wevakomana asati asvika pokuva nekodzero yekugona kuzvisaruza, pachake, hapana kana mumwe wavo; vasati vazvarwa, vachiri mumimba



yaamai, Mwari vakati, “Ndinovenga Esau, uye Ndinoda Jakobho.” Maona? Sei?

*Nokuti akati kuna Mosesi, Ndichanzwira ngoni wandinonzwira ngoni, ndichanzwira tsitsi wandinonzwira tsitsi.*

*Naizvozvo hazvibvi...unoda, kana...unomhanya, asi ndiMwari munzwiri wengoni.*

*Nokuti rugwaro runoti kuna Farao, Ndizvo zvandakakumutsira, kuti ndiratidze simba rangu mauri, uye kuti zita rangu riparidzwe panyika yose.*

*Naizvozvo uyo...(zvino tarisai pano)...nokuti iye...ngoni waanoda, uye unowomesera moyo waanoda.*

*Zvino iwe ungati...kwandiri, Iye ko sei... achipireiko mhosva? Nokuti ndianiko unoramba kuda kwake?*

*Ko zvino, O iwe munhu, ndiwe aniko unotsamwira Mwari? Ko chakaumbwa chingati kuno wakachiumba, Wanditireiko ichi?*

*Ko muumbi wehari haana simba pamusoro pevhu here, kuti nebundu rimwe aite mudziyo mumwe unokudzwa, uye nemumwe usina kukudzwa?*

*Zvino tichatiyiko kana Mwari, kana akanga achida kuratidza kutsamwa kwake, nokuzivisa simba rake, akatsungirira...moyo murefu zvikuru wakadai pamusoro pemudziyo wokutsamwirwa wakagadzirirwa kuparadzwa:*

*...kuti azivise kupfuma kwokubwinya kwake pamusoro pemudziyo wengoni, waakanga agadzirira kubwinya,*

<sup>151</sup> Zvino chiita nharo naZvo kwechinguva. Mwari vakazviita! Vakatozoviita nenzira iyoyi. Zvaitofanira kuvepo. Zvino chiteererai zvino kwemaminitsi angaita mashanu, ndinoda kuti mutarise kune chimwe chinhu.

<sup>152</sup> Mwari chii? Mwari ndiZiendanakuenda guru. Pakutanga, kare-kare kusati kwava nemavambo, Akanga asitombori Mwari. Manga muchizviziva here izvozvo? Mwari “chinhu chinonamatwa,” uye pakanga pasina chinhu chaiMunamata. Aigara oga.

<sup>153</sup> Zvino maAri makanga muine hunhu. Hunhu chii? Ipfungwa. Zvino muchawana chimwe chinhu chiri pedyo nechidzidzo chanhasi manheru. Cherechedzai, Akanga ari hunhu hwaKe hwakanga huri maAri. Zvino, zvaiva maAri kuva Baba, zvaiva maAri kuva Mwari, zvaiva maAri kuva Mwanakomana, zvaiva maAri kuva Muponesi, zvaiva maAri kuva Mupodzi. Uye zvino

zvose izvi zviri kungoratidza hunhu hwaKe. Hapana chiri kunze kwehurongwa. Unofunga kuti Mwari havana kuona magumo kubva kumavambo? Zvirokwasvo, Vakazviona. Hapana chiri kunze kwehurongwa, zviri kungoratidza hunhu hwaKe.

<sup>154</sup> Zvino, haAigona kuva *nenduramo* zvino oita kuti munhu awe. Aitofanira kumuisa pahwaro hwakaenzana, hwekodzero dzekuzvisarudzira, kuti azviitire sarudzo yake oga, asi achiziva kuti achawa.

<sup>155</sup> Zvino, haAkwanise kuva Muponisi kunze kwekunge pane chimwe chinhu charasika. HaAkwanise kuva Mupodzi kunze kwekunge chimwe chinhu chiri kurwara. Zvinhu izvi zvaifanira kuve zvakadaro. Mwari vakazviita kudaro kuitira kuti hunhu hwaVo hukuru huratidzwe. Dai panga pasina izvozvo, Angadai asina kumbova Muponisi. Asi tinoziva kuti Akanga ari, kunyange pasati pava nenguva, Akanga ari Muponesi. Akanga ari Muponisi, saka paifanira kuva nechimwe chinhu chairasika. Zvichaitika sei?

<sup>156</sup> Kana Akatora zvino orasikirwa nacho, kungoitira kuti agochiponesa, zvikadaro hazvina nduramo pakutonga kwaKe. Haaikwanisa kutumira munhu kugehena, uye ova nenduramo. Ane mutsa, munyoro, wechokwadi, akatendeseka, uye iYe Mutongi mukuru. Munoono, Anenge achitovivhiringidza pachaKe.

<sup>157</sup> Saka Akatozoisa munhu kunze kuno, uye ndokumuita kuti ave nekodzero dzekuzvisarudzira, kuitira kuti agone, achiziva, kuti achawa; uye munhu, ari muchimiro chaKe pachaKe, aizogona kuwa sei? Zvino mave kuona here Chiedza chezuva? Saka, Akatozogadzira chinhu chakabva pane chimwe, chimwe chinhu kubva pane chisikwa chepakutanga. Zvino muri kuzviona. Maona? Mauya zvino. Maona? Zvino, ndicho chakawa. Akachigadzira, achiziva kuti chichawa. Zvino ndokuiswa mumawoko aSatani, kuti uve mudziyo unoshoreka. Ko rukudzo rwunoiswepi nhasi? Imi chifungai nezvazvo. Nyatsocherechedzai zvino.

<sup>158</sup> Uyewo zvakare, kuti sei akagadzirwa nenzira iyi uye kwete sezvimwewo zvikadzi, ko sei mukadzi akagadzirwa akadaro asi kwete dzimwe hadzi? Hapana imwe yehadzi yakagadzirwa kudaro. Hadzina kudaro, nhasi. Hadzikwanise. Nokuti hadzina kugadzirwa kudaro, hadzikwanise kuzviita. Ko sei asina kugadzira munhukadzi uyu zvino, mukadzi, sezvakaita dzimwe mhuka hadzi, kuitira kuti angovawo zvimwe chete, zvekungogona kubereka vana vake? Zvino anozova nemurume wake, zvino orarama; uye kana yasvika nguva yekuva nemwana wake, ndipo paanzova nemwana. Sei, ko sei Asina kumugadzira zvakadaro?

<sup>159</sup> Handikwanise kutaura mashoko aya. Uye munonzwisisa zvandiri kutaura nezvazvo, handiti? Kana muchigona

kunzwisisa, itai “ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Hongu. Maona? Pane vasikana vaduku vagere muno, nevakomana vaduku, munoona. Asi munoziva, mhuka inofanira kusvika pane imwe nguva yegore, pamwe nemurume wayo, zvino ndipo poga. Asi, mukadzi, chero nguva zwayo. Uye sei Akamugadzira zvakadaro?

<sup>160</sup> Zvino tarirai hurongwa hwaKe hukuru huchibhedhenuka, patiri kuenda mberi neapa zvino, zvakananyatsokwana zvachose. Ndanga ndisingazive izvi kusvikira musi uno.

<sup>161</sup> Ko sei Asina kumugadzira zvakadaro pakutanga, sezvakaita dzimwe mhuka dzaKe dzose hadzi? Nokuti zvinenge zisina kuMufanira. Ndiye Chitubu chehutsvene hwese. Ndicho chikonzero Akarega Satani achimutora, zvaakaita pakutsveyamisa. Chisikwa chakadai chingadai, hachainge chakafanira pakuita kwaKe, kunge chakagadzirirwa izvozvo pakutanga.

<sup>162</sup> Mabasa aKe ose aAkagadzira, pakutanga, anofambirana. Mabasa aKe ose epakutanga aifambirana. Imbwa hadzi, imbwa hono; munoona, tsiru, nenzombe; zvose zvichifambirana. Zvisikwa zvose zvinofambirana. Mbeu inofa, yopinda muvhu; sezvakangoita kufa, kuvigwa, kumuka. Muto unodzika pasi uchibva mumuti, wodonhedza shizha rawo, wodzoka zvakare gore rinotevera nerumuko rweshizha itsva. Munoona zvandiri kureva? Zvihu zvose, kunyange zvisikwa, zvaMwari, zvose zvinofambirana, muhumwe; zvino hechinoi chimwe chakagadzirwa chisiri mukufambirana naMwari. Zvisikwa zvakagadzirwa nenzira yekuti hazvikwanise kuita chivi. Funga! Zvisikwa zvaive pakutanga, zvaMwari, hazvaigona kutadza.

<sup>163</sup> O, hamusi kuzviona here iye zvino, mukuonekwa uku pano, kutsveyama kwekereke? Chepakutanga iShoko raMwari! Hamuna chivi muna Mwari. Muri kuona here zvandiri kureva? Hechinoi chisikwa chakavapo nokuda kwekutsveyamiswa. Mwari vari kuzova neKereke, asi tarisai chinhu chakatsveyama ichi chavainacho kunze kuno.

<sup>164</sup> Mwari vane murume nemukadzi. Asi, mukadzi uyu, munoona, zviratidzo chaizvo zvacho zvinoratidza kareko zvakanga zviriri mupfungwa yaMwari. Tinogona kutora awa, kana maviri, zvino tonyatsozvitsanangura. Mukadzi... Ndokugadzira chisikwa ichi kuitira izvozvo, Akagadzira chisikwa zvino ndokumuendesha kuitira kuti Satani amubate, uye akazviita. Achiri akamubata. Zviri nani atizire kuMuchinjikwa, nemurumewo, zvakare.

<sup>165</sup> Cherechedzai, zvisikwa zvose zvinofambirana. Dai Akanga agadzira mukadzi pakusika kwepakutanga kumwe chete, pangadai pasina chivi, nokuti angadai asina kugona kuzviita, angadai asina kugona kuzviita. Mukadzi kutsveyamiswa kwechisikwa chepakutanga.

<sup>166</sup> Ndizvo zviriri chivi chose kutsveyamiswa kweChokwadi chepakutanga! Nhema chii? Ichokwadi chatsveyamiswa. Upombwe chii? Chiitiko chakanaka chatsveyamiswa. Saka hechinoi chisikwa chakatsveyamiswa, hechinoi chinhu chose chakatsveyamiswa. Zvino chinhu chose chinoperengerwa c-h-i-v-i, chirere ipapo. Ndosaka mubvunzo wacho wakakura kwazvo.

<sup>167</sup> Chingori chimedu, chisina basa, chakagadzirwa kubva pamurume, kuti chimunyengere; Mwari vakachigadzira, ipo pano pazviratidza. Ndizvo zvaakagadzirirwa.

<sup>168</sup> Mudzimai asina hunhu ndicho chinhu chakadereresha chaungafunga nezvacho, munyika. Ruregerero pane izvi, madzimai echidiki. Hapana zvimwe zvaari kunze kwebhini remarara remunhu, akazvipira kune zveparonde. Ndizvo zvoga zvaari, mudzimai asina hunhu, munhu angori bhini remarara reparonde, tsvina, apo marara, tsvina, hundururani, hutsvina hwepasi-pasi zvinobuda maari. Ko akagadzirirwei nenzira yakadai? Kuitira kunyengera. Chivi chose chakambova panyika chakakonzerwa nemukadzi.

<sup>169</sup> Mumwe muongorori anobva kuChicago, mu—mudzimai akanyora nyaya iyi, iwo mapurisa; uyo wavakadziringira, muUnited States, muguta reUnited States, kuti “Zvikamu makumi mapfumbamwe nemasere kubva muzana zvemhosva yose yakamboparwa muchinhano chipi hacho, muUnited States, painge paine mudzimai mairi kana kuti shure kwayo.”

<sup>170</sup> Zvino ndiri kutaura zvose izvi, kuti ndisvike pane chinhu chimwe chete pano kumagumo, kuti mugoona pane dambudziko.

<sup>171</sup> Akagadzirwa kuti anyengere, sezvaakaita Adhama pakutanga, akamuudza kuti muchero wakanga wakanaka, nezvakadaro, kumunyengera nokumubvisa paShoko. Ndizvo zvinoitwa nekereke nhasi, chinhu chimwe chete.

Asi zvino, mushure mezvo, murume akava mutongi wake, kuti amutonge.

<sup>172</sup> Zvino wave mutsauko wakadini muzuva rino, muzuva rino renjere. Panzvimbo yokunge murume ari iye mutongi wake, mukadzi ave mwari wemurume. Ichokwadi, mukadzi ndiye anomutonga. Zvino pamwe mave kukwanisa kunzwisisa zvakanaka zvandanga ndichirova pazviri. Kubudikidza nerunako rwake nekubata kwechisimba chake chokukwezva ruchiva, nechimiro chake chaakapiwa naSatani, chinhu chakagadzirwa kubva kune chimwe chinhu chakaitwa naSatani, anotumwa kuzonyengera vanakomana vaMwari. Uye anokwanisa kuendeswa vakawanda vavo kugehena kudarika chimwe chombo chose china Satani. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>173</sup> Ndiri kureva avo vasina hunhu zvino, kwete imi hanzvadzi. Tichakupai nzvimbo yenyu, nzvimbo yakafanira, mumanitsi

mashoma, muShoko raMwari pano. Zvakanga zviru muzano raMwari kubvira kutanga—pakutanga.

<sup>174</sup> Zvino kuita izvi nhasi, chii mwari weUnited States? Munorangarira mutabhenakeri makore apfuura, ndakaparidza nezvazvo? Mwari wezuva rino rechimanjemanje, kamwe kanzenza kagere apo kakapenda huso, nerokwe rakadhonzorwa pamusoro pemabvi ake, nezvinhu zvakadaro. Ndikati, “Tarirai mwari wenyu!” Uye ndizvozvo, ari pakushambadzira kwese, asina kupfeka zvakakwana. Ari mumugwagwa, zvimwe chetezvo.

<sup>175</sup> Mudziyo waSatani, “kubvira pamavambo,” Jesu akataura kudaro. Maona? Tiri kuona kuti ndizvo zvazviru nhasi, zvino “kubva pamavambo,” pamwe nezvaAri kutaura nezvazvo.

<sup>176</sup> Zvino, vahedheni vaimuita chimwari, (manga muchizviziva here izvozvo?) chimwarikadzi. Ichokwadi vaidaro. Vanomuita chimwarikadzi, nokuti mukunamata kwavo vaiita zvepabonde. Vaitaura kuti, “Aiva musiki. Mumimba yake aitakura mbeu uye aisika.” Inhema iyoyo. Pane Musiki mumwe chete, anova Mwari. Asi munorangarira Pauro paya? “Dhiana, weEfeso,” chimupunzo chedombo, vakati, “mwarikadzi weKudenga, akakandirwa pasi.” Hamuoni here zviru kunamata kwevahedheni?

<sup>177</sup> Zvino isu, tisiri kumbozviziva, tinodzokera kune chaiko kunamata kwechihedheni zvakare, kumadzimai, chisikwa chakaderesa panyika, kunamatwa kwemudzimai! Anotsautsa murume chero kwaanenge ada. Uye asingazive kuti, nerunako rwese irworwo rwekunze, kuti gehena riri mukati. Soromoni akati, “Mukadzi, masuwo ake masuwo egehena.”

<sup>178</sup> Zvino tinoona zviru pachena pano zvakataurwa naJesu muna Zvakazarurwa, chitsauko 2 uye ndima 15, zvedzidziso yevaNikoraiti, kuuya kwekereke iya ichizvidhonzera kure neShoko.

<sup>179</sup> Uyewozve tinoona pano, nepachena, zvirongwa zvinonyadzisira, zvisina humwari, zvakasviba zvatinazvo paterevhizheni, zvanamambokadzi veruchiva veHollywood. Tinogona kuona kuora kweguta rino, apo vana ava, tusikana tuduku tuchifamba tuchikwira nokudzika nomugwagwa pano, netuhanzu tuduku, tunobata, tuchizvonyongoka, uye iko kuchitonhora zvokukwanisa kuvatonhodza kusvika pakufa nechando. Havazive kuti ndidhiyabhore ari kuzviita. Vakagarwa nemweya wakaipa, uye havazvize! Hauone imbwa hadzi ichiita zvakadaro, ndizvo here? Hauone imwe mhuka hadzi ichiita zvakadaro, uye hapana mukono unofamba uchienda kwairi, zvakare.

<sup>180</sup> Munooona, iye zvino mabata here mufanidzo wacho? Tichazivisa chimwe chinhu mukati menguva shomanani, Ishe vachitendera.

Zvino munooona vaNikoraiti, munooona dzidziso yavo.

<sup>181</sup> Munoono vanamambokadzi vezera revachangoyaruka, sokuvadana kwavanoita, ava vakururi venguwo mumugwagwa. Zvaimboitika kuti waitoenda kumutambo wezvinyadzo padivi, kuti uone mukururi venguwo. Chingozarura meso ako, wotarisa kunze uko mumugwagwa, ndizvo zvoga zvaunofanira kuita zvino. Chinhu chacho chose changova vakururi venguwo. Chokwadi. Ko vanozviitirei? Kukwezva, kuedza, ndicho chinhu choga chaanenge achizviitira. Anozviita nokuti ane hunhu hune tsvina. Anozviita nokuti akagadzirwa zvakadaro. Haacherechedze kuti iye mudziyo uri mumawoko aSatani, uye ndizvo zvaari.

<sup>182</sup> Kunyange muzvikoro zvedu nhasi, vari kudzidzisa zvepabonde. Nyika yedu yakawora inonamata madzimai! Ndinoziva kuti havadi kuzvitenda. Omira achiimba imwe mhando yechimbo, nezvakadaro, pane rimwe zuva; uye oenda nemadzimai, vachimhanya-mhanya, husiku hwese. Maona? Zvakanaka. Apo, mumeso aMwari, Shoko, ndiye akaderereso pamhuka dzose dzakaiswa panyika naMwari. Tarirai.

<sup>183</sup> Ndosaka Mwari vachimurambidza kudzidzisa Shoko raVo. Ndizvozvo chaizvo. Timotio Wekutanga 2:9-15, “Handitenderi mudzimai kuti adzidzise, kana kuva nesimba.” Maona? Uyewozve vaKorinde Vokutanga 14:34, “Regai madzimai enyu ane akanyarara mumakereke, nokuti havatenderwi kuti vataure, nokuti vanorairwa kuti vange vakanyarara; sezvinorevawozve Murairo.” Asi, nhasi, chii chinotwa nekereke? Vanomuita vafudzi, vaevhangeri, apo Bhaibheri richizvirambidza zvachose. Uye Bhaibheri rakati, “sezvinorevawo Murairo,” richizviita kuti zvifambirane pamwe chete, chinhu chacho chose.

<sup>184</sup> Sezvakanga zvakaita Gwayana, nezuro manheru, nzvimbo yoga yokunamatira, pasi peRopa rakadeurwa reGwayana. Ndiyo nzvimbo yoga nhasi, muna Kristu. Nzira yoga yaunoita kuuya maAri. Ndiyo nzvimbo yoga yokunamatira. Yagara nguva dzose yakadaro. Nzvimbo yoga yokunamatira iri pasi peRopa rakadeurwa.

<sup>185</sup> Saka zvino tinoona mufananidzo wacho uzere uchibhedhenuka kwatiri. Heunoi uyo mudzimai. Ndosaka Mwari vasingamutendere kuti adzidzise, havamutendere kuita chimwe chinhu mukereke asi kuti agare akadzikama aine chiso chakafukidzwa nevhairi.

<sup>186</sup> Zvino muri kuona here kuti sei ndakataura zvinhu izvi pamwe nokuita zvinhu zvakaita, ndichiziva zvose izvi mumoyo mangu, hama, hanzvadzi? Ndinoziva, hanzvadzi, ndiri... mune nzvimbo yenyu (mirai zvisoma), uye hunhu hunoshamisa uhwo Mwari anokwanisa kuumba mamuri. Asi ndiri kungoedza kutaura zvekune rimwe divi, kunyatsokuratidzai kwamakabva chaiko, “pakutanga.” Jesu

akatiudza kuti “tidzokere pakutanga,” kuti tigozviona. Ndizvo zvatiri kuita.

<sup>187</sup> Iye zvino ndazenge ndichirova nhongonya pane zvakawanda zveizvi, uye ndine tariro yokuti munozvinzwisisa. Uye kune imi vanhu vachazoteerera kutepi ino, ndine tariro yokuti munozonzwisisa. Ingodzokera. Zviripo kungoratidza bedzi kuti Jesu akati, “Dzokera, kubvira pakutanga, uye ugozwiwana.” Zvinhu zvose, dzokera kumavambo. Unogona kuona, nhasi.

<sup>188</sup> Handiti, vanhu, vanoti ndiri muvengi wemadzimai. Izvozvo zviri kure neChokwadi. Handidaro. Vanoti, “Munhu anovenga madzimai!” Rangarirai, vakati Pauro munhu anovenga madzimai. Mumwe mudzimai mushumiri, nguva shoma yapfuura, akati, “O, makafanana naPauro wakare, zvoga zvaaigna kuita kutsiura isu madzimai.”

<sup>189</sup> Mumwe mutsvene waMwari, akatenderwa kuti anyore Bhaibheri, Testamende Itsva, zvino iwe wopikisa Mashoko ake? Akati, “Kana Ngirozi inobva Kudenga ikadzidzisa chimwe chinhu chisiri Izvi zvakadaita, ngaAve akatukwa,” ko kuzoti mumwe muparidzi wechikadzi.

<sup>190</sup> Vaiti Eria aivenga vakadzi. Akanga asingavengi vakadzi, vaive madzimai kwawo. Akanga asingangodi vanaJezebheri.

<sup>191</sup> Zvino kana izvo zvakadaro, ipapo Mwari anofanira kunge ari zvimwe chete, nokuti iYe iShoko rinouya kuvaporofita. Saka anofanira kunge ari Mwari, nenzira imwe chete, saka, munoono, Anoziva chisikwa chepakutanga, “kubva kumavambo,” Akati, “kubva pamavambo.” Vaive vaporofita avo Shoko raiuya kwavari.

<sup>192</sup> Uye Akamugadzirira murume, kwete kuti murume ave wemukadzi. Manga muchizvizi here, kuti, “Mudzimai akagadzirirwa murume, kwete kuti murume ave wemudzimai”? Vangani vano zviziva izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Bhaibheri rinozvidzidzisa. Zvakanaka. Akapiwa nzvimbo mumurume, kuwa kusati kwaitika, vakaenzana vari pamusoro pezvisikwa zvose. Asi “mushure” mekuwa, pano zvino tinounza chidzidzo chacho. Asi “mushure” mekuwa, murume akanga ave mutongi wake, anofanira kunyarara panyaya dzose, zvino mushure mokunge mavambo epakutanga adarika.

<sup>193</sup> Jesu akati, “Zvakanga zvisina kudaro kubvira pakutanga.” Ndipo pakatangira nguva, apo Mwari vakaigadzira kekutanga mukusika kwaVo kwepakutanga. Vose vari kunzwisisa, itai “ameni” zvakare. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Pakutanga Mwari vakangosika bedzi mukono mumwe chete nehadzi imwe chete. Asi zvino mukadzi akagadzirwa zvakasiyana nemhuka, dzimwe mhuka dzose, kuitira kunyengerera. Zvino tarirai zvino, “Zvakanga zvisina kudaro kubvira pakutanga.” Mukadzi akagadzirwa, dai akaramba ari muchinhano chepakutanga, angadai asina kuwa. Asi

akakonzeresa kuwa pamwe nokuvhiringidza kwakaputsa kufambirana kwese kwaMwari, uye ndokukanda rufu, kusuwa, nezvimwe zvinhu zvose, panyika. Akagadzirwa kudaro.

<sup>194</sup> Zvino cherechedzai zvino “mushure” memavambo, mushure memavambo, mushure mekutanga kwenguva; kumashure kwaizvozvo raiva Ziendanakuenda, ndokupera. Cherechedzai, mushure mekuwa uku kwaitwa naEvha, mushure mekuwa, paifanira kuti paitwe imwe sungano. Zvino izvi zviri kuzokugumburai, asi ndichakupai Rugwaro rwacho kuratidza kuti izvi iChokwadi. Zvino cherechedzai mushure mekuwa, Jesu akati . . . Mwari, pakutanga, vakagadzira chimwe chete cherudzi rwacho; asi zvino, mushure mekuwa, zvino tiri kudarika ipapo. Sungano yaiva yokuva vakaenzana; asi zvino, mushure mokuwa, panoitwa imwe sungano. Zvino akanga achisiri mutongi pamwe chete nemurume, mumwe anofanira kuva nesungano yakatsaurwa.

<sup>195</sup> Zvino ngationei kana zviri izvo. Ngatitorei Genesi 3, uye kuti tione kana izvi zviri izvo, zvino patiri kuenderera mberi, nokuti tinoda kuva nekugutsikana kuzere pazvinhu izvi, zvinodzidziswa nokuunzwa chiri chokwadi chemazvirokwasvo. Kuitira kuti pamwe ipo pano tine nguva shoma, nokuti hatichisiri kure nemagumo zvino, kusvika pachikamu chokupfiga chechidzidzo, kuratidza kuti *sei* uye *chiiko* pamusoro pekurambana, nezvimwe zvakadaro. Zvino muna Genesi chitsauko 3, uye tichatangira pavhesi 3, nerechi 16. Ngatitangirei pavhesi 14.

Zvino *JEHOVHA* . . . akati *kunyoka*, (zvino Ari kuzoituka), Nokuda *kwezvawaita—zvawaita izvozvo, waturwa kupfuura mombe dzose, . . . kupfuura mhuka dzose dzesango; uye uchafamba nedumbu rako, uchadya guruva mazuva ose oupenyu hwako:*

*Ndichaisa ruvengo pakati pako nomukadzi, napakati porudzi rwako norudzi rwemukadzi; uye irwo rwuchapwanya musoro wako, newe uchapwanya chitsitsinho charwo.* (Vimbiso, “ichiuya nemumukadzi,” Mhesiya, kuzodzikinura.)

*Kumukadzi akati, . . .*

<sup>196</sup> Zvino tarirai, zvino heinoyi sungano nenyoka. Apo vose, vakanga vakanaka munguva dzekumashure, pakutanga, kana kuti mavambo asati atanga.

*Kumukadzi akati, Ndichawanza zvikuru marwadzo ako nokutora mimba kwako; uye uchabereka vana uchirwadziwa; kuda kwako kuchava kumurume wako, iye achava ishe wako,* (Havachisina kuenzana pamwe chete zvachose.)

<sup>197</sup> Iye zvino anyatsopinduka zvachose, zvino mukadzi ndiye ave mutongi.



Zvino kuna Adhama akati, *Zvawakateerera inzwi romukadzi wako, ukadya muti, wandakakuraira, ndichiti, Usaudya...iwo: zvino nyika yatukwa (kwete Adhama watukwa, zvino) zvino nyika yatukwa nemhosva yako; uchadya zvbereko zvayo nokutambudzika mazuva ose oupenyu hwako;*

*Ichakuberekerera minzwa...nerukato; iwe uchadya miriwo yomusango;*

*Uye uchadya zvokudya zvako muziya rechiso chako, kusvikira wadzokera kuwahu; nokuti kubva kwariri, wakatorwa kubva kwariri: zvauri guruva, uchadzokerazve kuguruva.*

<sup>198</sup> Sungano mbiri. Zvino zvinopfiga “mavambo,” ezvakataurwa naJesu, “Zvakanga zvisina kudaro pakutanga.” Tave neimwe sungano zvino. Cherechedzai, imwe sungano. Zvino pane sungano yechisikwa, nechakagadzirwa kubva pachisikwa. Cherechedzai, kuwa kwakaunza dambudziko, rufu, kuchisikwa chose chakasikwa, zvichiunza mutsauko muzvisikwa zvose. Zvino regai ticherechedze zvakataurwa naJesu zvokuti, “kubva pakutanga zvakanga zvisina kudaro.” Iye zvino hazvichisina kudaro “kubva,” yave iye zvino “mushure” memavambo. Zvino pane sungano yakapetwa kaviri.

<sup>199</sup> Kutanga yaingova sungano, Adhama naEvha vaive vakaenzana, murume mumwe chete nemudzimai mumwe chete. Zvino mukadzi akatadza, uye (chii chaanoita?) zvakakandira ivo vose kurufu, zvino Mwari vakatozoita sungano naizvozvo, imwe sungano. Hepanoi pazviri chaipo pano muna Genesi 3:16, Akaita imwe sungano.

<sup>200</sup> Zvino nyika iri kuzozadzwa zvakare nevanhu, kwete nekusika kwaMwari kwepamavambo, sepakutanga, kwete masikiro epamavambo, asi nechishuwo chepabonde. Zvino izvozvo zvinozadzisa “mavambo,” hazvidaro here? Pakutanga paingova nemurume mumwe chete nemukadzi mumwe chete, mukono mumwe chete nehadzi imwe chete; asi paakadarika mutsara uya ndokuunza chivi ichi, zvino nyika yave kuzozadzwa nevanhu zvakare, nekusangana kwemurume nemukadzi, kwete nokusika; nokusangana kwemurume nemukadzi. Munoono here pane mukadzi zvino, iye zvino? Asi ndiyo nzira iyo nyika inozadzwa nevanhu nhasi, kubudikidza nevakadzi.

<sup>201</sup> Ndicho chikonzero Jesu akatozouya kubudikidza nemumudzimai, kuzviunza kumavambo epakutanga zvakare, pasina chishuwo chokusangana pabonde. Akaberekwa nemhandara. Asi, hareruya, pachauya nguva apo pachange pachisina kusangana pabonde, asi Mwari vachadana vana vaVo kubva muguruva renyika, kudzoka sezvazvaiva pamavambo, kwete kubidikidza nechero upi hake mudzimai; asi kubudikiza nemukuumbwa kweivhu pamwe nezviyedza zvemudenga,

nemafuta, Vachasika zvakare sezvaVakaita Adhama pakutanga. Jesu akaita kuti izvi zvikwanisike, naMwari Vachizviita Munhu zvino ndokuuya panyika kuitira kuti Vafe, kubudikidza nemumudzimai uyu. Zvino inguva yekuyedzwa, nechivi.

<sup>202</sup> Zvino mave kuona zvino, “mushure” memavambo, pane chimwewo chinhu chakaunzwa. Zvino izvi zviri kuzokukatyamadzai. Maneta here? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti.] Chingogarai makagadzikana kwechimwe chinguvana.

<sup>203</sup> Zvino sungano yakapetwa kaviri payakaitwa nemurume nemudzimai, kubudikidza nekusangana pabonde, imwewozve sungano (kwete sungano yepakutanga, asi imwe sungano), zvino chii chakaunzwa? Barika, mune zvose. Ipapo, mushure memavambo, barika rakaunzwa zvose mvanhu nemumhuka; mushure memavambo, mekuwa. Mwari zvino, kechipiri, vanoisa humwe hunhu zvakare, kubudikidza nekusangana pabonde. Mwari vakasika zvokutanga pasina kusangana pabonde. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino yave imwe sungano nezvisikwa, Vanoiisa mune humwe hurongwa, nekusangana pabonde. Sungano yechipiri: mukono mumwe chete, hadzi dzakawanda; nondo hono imwe chete, danga rose renondo hadzi. Ndizvozvo here? Nzombe imwe chete, nedanga rose remombe, matsiru; jongwe rimwe chete, ruvanze rwese rwakazara netseketsa. Ndizvozvo here? Dhavhidhi mumwe chete, wepamoyo paKe Chaipo, aine madzimai mazana mashanu; achiberekerwa vana zana, mugore rimwe chete, nemadzimai akasiyana, murume aive wepamoyo paMwari Chaipo. Soromoni mumwe chete, aine chiuru chemadzimai. Asi cherechedzai zvino, zvakanga zvisina kudaro pakutanga, asi zvino kwave “mushure” memavambo. Mukadzi ndiye akazviita, zvino anobva angova zvaari zvino. Maona?

<sup>204</sup> Dhavhidhi, mambo aimiririra Kristu! Zvibatei izvozvo mupfungwa dzenyu. Dhavhidhi aimiririra Kristu. Munozvitenda here izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Kristu agere. . . achazogara pachigaro chake cheushe. Zvino Dhavhidhi uyu, murume wepamoyo paMwari Chaipo, aiva nemazana mashanu emadzimai. Munoono zvandiri kureva? Dhavhidhi nemadzimai ake mazana mashanu, Soromoni nechuru chake. Zvino Soromoni mwanakomana waDhavhidhi, panyama; uyo anomiririra Jesu Kristu, Mwanakomana waDhavhidhi, pamweya. Asi hupenyu wepanyama, hwepabonde. Uhu huchange huri wepamweya, wakasikwa, sei, wakasikwa. Maona? Ndizvo zvawaive wakaita pakutanga, asi kwete iye zvino muhupenyu hwatiri kurarama zvino.

<sup>205</sup> Cherechedzai, musakundike izvi zvino, zvitorei zvose muzviise mumoyo menyu. Asi hapana kana mumwe wemadzimai aya aikwanisa kuve nemumweze murume. Murume ndiye chisikwa chepakutanga, kwete iye. Hapana kana mumwe

wemadzimai aya aikwanisa kuva nemumweze murume, asi murume mumwe chete uyu aikwanisa kuva nechuru chemadzimai. IZVANZI NAJEHOVHA. Ndiro Bhaibheri. Zvino ndadzokera, ndokutora nguva yangu ndokukuratidzai kareko pazvakatangira, zvakataurwa naJesus. Zvino muri kuzviona zvakajeka? Vaikwanisa kuva nevakawanda. . .

206 “O,” munoti, “zvakangazvingori zveIsraeri.” Ndizvo?

207 Paya Abrahamama paakaenda naSara zasi munyika yavaFiristia, kwaiva namambo zasi ikoko ainzi Abhimereki. Zvino Sara akanga aine zana remakore okuberekwa, ipapo chaipo, asi akanga ashandurwa kuva mudzimai wechidiki uye akanga aitwa tsvarakadenga. Munozviza here izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino Abhimereki akanga achimuda kuti ave mudzimai wake. Munorangarira mharidzo yangu yezvazvo? Abhimereki akanga achida kutora Sara kuti ave mudzimai wake. Pamwe akanga aine guru, asi akanga asingakwanise kumutora kana achinge akaroorwa naAbrahamama. Saka Abrahamama akati kuna Sara, “Taura kuti uri, ‘hanzvadzi yangu,’ nokuti anozondiuraya kuti akutore.” Ko sei asina kungodzanga Abrahamama kubva munyika iyoyo, zvino ota mudzimai wake oenderera mberi? Wakanga usingori murairo wevatendi bedzi, asi kuvanhu vose vakasikwa. Mutadzi kana mutsvene, une mungava, murume, kumabasa aya. Heunoi mambo aiva muhedheni. Vangani vanoziva kuti nyaya iyi ndeye chokwadi? [“Ameni.”] IBhaibheri, Genesi, kuda chitsauko 16, ndinofunga.

208 Munocherechedza, Abhimereki angadai akamutora kuva mudzimai wake. Akazvigadziridza kuti atore musikana uyu mutsva wechiHebheru. Uye akati, “Uyu ndewangu. . .” Mudzimai akati, “Ihanzvadzikomana yangu.”

Murume ndokuti, “Ihanzvadzisikana yangu.”

209 Zvino Abhimereki ndokuti, “Ndichangomutora kuti ave mudzimai wangu kana zvakadaro.” Mungazvifungidzire murume achiita chinhu chakadaro? Asi akazviita.

210 Zvino manheru iwayo, paakaenda kunorara, Ishe vakauya kwaari muchiroto, uye ndokuti, “Abhimereki, wangofanana nemunhu akafa.” Vakanga vari kuchengetedza, iwo muhwezva weropa rechiJudha, munoona. Vakati, “Wakangofanana nemunhu akafa. Watora mudzimai wemumwe murume wauri kugadzirira kuroora.”

211 Iye ndokuti, “Ishe, munoziva kururama kwemoyo wangu.” Ndokuti, “Ko haana here kundiudza kuti ‘hanzvadzi yake’? Ko iye murume pachake haana here kutaura kuti, ‘Uyo ihanzvadzi yangu?’”

212 Vakati, “Ndinoziva kururama kwemoyo wako, ndicho chikonzero ndisina kukutendera kuti uNditadzire.” Ndizvozvo here? Ndokuti, “Dzoserana mudzimai wake, nokuti murume

iyeye muporofita waNgu. Kunze bedzi kwekunge wamudzosera mudzimai wake. . . Uye umurege akunamatire, kwete muprisita wako. Kana akasakunamatira, nyika yako yose yatoparara.” Ameni. Hedzinoi nyasha dzinoshamisa. Ndizvozvo. “Nyika yako yose yatoparara. Mudzimai wemurume uyo, uye muporofita waNgu.” Ameni. IZVANZI NAJEHOVHA. Ndiro Gwaro. Ndizvozvo.

<sup>213</sup> Zvino tinozviona, rufu rwakakonzerwa. Rufu rwakakonzerwa nechivi chemukadzi, rwakauya kubudikidza nemukadzi uye kwete murume. Nenzira yemararamiro ehupenyu hwake, uye nokuda kwake, rufu rwese rwakauya. Nzira yake yekupa upenyu rufu. Vangani vanoizviva? Jobho 14, kana uchida kunyora pasi Gwaro racho.

<sup>214</sup> Ndine, kana uine mubvunzo pazviri, ndine Magwaro akanyorwa pasi ari echimwe nechimwe chezvose izvi.

<sup>215</sup> Kana uchida kuverenga Jobho 14 apo, Inoti, “Munhu akazvarwa nemukadzi ane mazuva mashoma, uye azere nematambudziko.” Ndizvozvo here? “Anouya seruva, anohekwa, anosvika pakupera,” nezvimwe zvakadaro. Munoono? Munhu wese akazvarwa nemukadzi, akazvarirwa murufu paanongouya.

<sup>216</sup> Asi kana achinge aberekwa mukusika kwaMwari, haagone kufa; anobva kune mumwe Muti uya waiva mubindu reEdheni, Kristu. Hupenyu husingaperi hunouya neMuti uyu.

<sup>217</sup> “O,” unoti, “mukadzi aiva muti?” Chokwadi. “Handiti, vakati, ‘Haufanire kudya kubva pamuti uyu.’ Mwari vakataura, muna Genesi kumashure uko, ‘Haufanire kudya kubva pamuti uyu.’”

<sup>218</sup> Saka, mudzimai ndiye muti wacho. Muti wemuchero. Uri muchero waamai vako. Ndiwe muchero wemimba. Ndizvozvo. Uye zvino muchero weMuti weHupenyu, uyo waiva mubindu reEdheni, ndiKristu. Kubudikidza nemudzimai kwakauya rufu; kubudikidza neMurume, pakusika kwepakutanga, kunouya Upenyu. Kubarwa nemukadzi rufu; kubarwa naKristu Hupenyu. Maibata pfungwa yacho? Ndipo pachu. Zvino mave kuona here kwakaenda vanamwarikadzi, hamusi here?

<sup>219</sup> Adhama naEvha vokutanga vaifananidzira Adhama naEvha vechipiri, munoono, kuwanziridzwa. Zvino kuwanziridzwa kwaAdhama naEvha kwaive kubudikidza nekusangana pabonde, kuti vazadze nyika, asi zvakanga zvisina kudaro pamavambo. Mwari vakangogadzira murume nemukadzi, sezvaVakaita zvimwe zvisikwa zvaVo, munoono, zviri pamutemo, sezvakaite Kereke.

<sup>220</sup> Zvino ngatidai, nokuda kweZvokwadi idzi dzaMwari dzakasimbiswa, tiende mberi zvisihoma tichitsvaka, kana muchida. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka.

Zvino izvi zvinogona kuti rwadzei zvishoma dzamara tasvika pahwaro hwacho, asi ndichangokuratidzai Chokwadi chazvo.

<sup>221</sup> Hapana mushumiri anokwanisa kuroora chirikadzi. Manga muchizviziva here izvozvo? Munoda here kuzviverenga? Zvakanaka, endai mumaRevitiko, Revhitiko 21:7 naEzekieri 44:22, zvino Ichakuratidza kuti huprisita hawaifanira kuroora mudzimai akambobatwa nemumwe murume. Mufananidzo uyu ndewe mhandara Mwenga waJesu Kristu, nokuti vaibata Moto waMwari, vaprisita vaizviita, vanakomana vaAroni. Hatina nguva yokuZviverenga zvose, uye tozonge tabuda masikati, tichiine maminiti makumi maviri asara. Uye ava vana vaAroni vakanga vachibata Mo—Mo—Moto waMwari, saka vakanga vasingakwanise kuroora mudzimai akambobatwa nemumwe murume. Mwari vasingashanduke vakataura kudaro. Vakanga vasingakwanise kuroora mumwe mudzimai, uye mudzimai akambobatwa nemumwe murume, zvichiratidza mumufananidzo pano, kana uchida kuzviona, kuti Kereke yaMwari iShoko raMwari, risina kusvibiswa, risina kuita upombwe, uye kwete sangano rakambobatwa nemunhu.

<sup>222</sup> Cherechedzai, ngativerengei izvi pano. Ndinoda kuunza izvi kwamuri. Mateu 5, Jesu akataura pano chimwe chinhu chakakosha kwazvo. Tinoda kuchiona, Mateu 5. Ndakanyora pane yangu. . .

<sup>223</sup> Ndamaka zvimwe zvezvinhu zvandanga ndichazotaura kumurume bedzi, saka ndava nekanguva kakaoma ndichizvitaura pamberi pehanzvadzi dzedu. Asi ndinoda ku—kubuda pano zvino pasati. . .

<sup>224</sup> Zvino, hanzvadzi, ndinoda kukuisa panzvimbo yawakavimbiswa neShoko raMwari, uye chiona zvino kuti wagara panzvimbo iyoyo, zvakare.

<sup>225</sup> Mateu 5:32. Ndinoda kuti mucherechedze pano, kutsigira nyaya imwe chete iyi ye “mumwe chete” ne “vakawanda.” Mateu, makumi matatu-. . . Ndinofunga kuti iMateu 5:32, kutangira pa 31.

*Zvakanziwo, Aninani unorasha mukadzi wake, ngaamupe rugwaro rwekumuramba:*

<sup>226</sup> NdiJesu ari kutaura, Wacho akati, “kubva pakutanga.” Zvino tarirai.

*Asi ndinoti kwamuri, Aninani anorasha mukadzi wake, asi nemhosva. . . yeupombwe semusikana, unomuitisa upombwe; . . . (munoona) aninani anorasha mukadzi wake, asi nemhosva. . . nokuda kweupombwe hwemusikana, unomuitisa upombwe: (sei? anoorwa zvakare) zvino aninani unoroora warashwa akaita upombwe.*

227 Munoono, ane murume mupenyu, saka hapana murume anogona kumuroora. Hazvina basa kuti anoitei uye kuti ndiyani, ane murume mupenyu, haana pembedzo kwaari zvachose. Asi, hazvisi, kumurume. “Anoitisa mudzimai,” kwete iye. Mazvibata? Unofanira kuita kuti Shoko rifambirane pamwe chete. Munoono, hapana chinoti murume haakwanise, asi mudzimai haakwanise. Munoono, “anomuitisa,” kwete murume. Ndizvo chaizvo zvinotaurwa neBhaibheri, “anomuitisa.” Hapana zvakanyorwa zvinodzivisa murume kuroora zvakare, asi “mudzimai.” Sei? Kristu mumufananidzo.

228 Cherechedzai, zvakanyorwa kunzi haakwanise kuroora zvakare, kunze kwemhandara. Anokwanisa kuroorazve. Murume anokwanisa, anokwanisa kuroora zvakare kana iri mhandara, asi haakwanise kuroora mudzimai wemumwe munhu. Kwete zvachose. Uye kana akaroorwa mudzimai akarambwa, ari kurarama muupombwe, handina basa kuti ndiyani. Bhaibheri rakati, “Uyo anoroorwa akarashwa, anorarama muupombwe.” Hezvoka izvo, kwete vakadzi vakarambwa.

229 Munoono here zvepamavambo shure uko, “kubva pakutanga,” zvino? Kuroora zvakare, zvino cherechedzai, murume anokwanisa, asi mukadzi haakwanise. SaDhavhidha, saSoromoni, sekufambirana kunoita Bhaibheri rose, zvino, sezvakaite Dhavhidhi nevamwe vose.

230 Zvino munocherechedza muna vaKorinde Vokutanga 7:10, cherechedzai, Pauro anoraira mudzimai saizvozvo, uyo anoramba murume wake, kuti agare ari oga kana kuti ayananiswe, kwete kuroorwa zvakare. Anofanira kugara ari oga, kana kuti ayananiswa odzokerana nemurume wake. Haakwanise kuroorwa zvakare. Anofanira kugara ari oga, asi, cherechedzai, hapana zvaakataura nezve murume. Munoono, hamukwanise kuita kuti Shoko rireve nhema. “Kubva pakutanga,” murairo wepabonde kubudikidza nebarika. Zvino, Shoko raMwari rinofambirana zvezmazvirokwazvo nezvisikwa zvaMwari, zvinofambirana mukuenderana.

231 Munoono here kuti pane imwe pfungwa yakamhanyira kumabvazuva, imwe yacho ikaenda kumadokero, pazviri? Unofanira kudzoka kuChokwadi, kuti uone zvachiri.

232 Zvagara nguva dzose zvakadaro, ndiyo sungano yagara iripo naMwari kubvira pakutanga. *Chekutanga*, mavambo asati avapo, kubva pamavambo paingori nemumwe chete aine mumwe chete. *Mushure* mokunge chivi chapinda, ipapo pakabva pava nemurume mumwe chete neguru remadzimai; zvikamhanya zvakadaro muzvisikwa, mhuka dzose, nevanhu uye nyama yose yakasikwa imhuka. Tiri mhuka dzine ropa rinopisa, tinozviziva, tose zvedu, munoono, uye zvose zvisikwa zvaMwari zviru mukufambirana.

233 Asi zvino nokuda kwekuti Zvisimbiso zvakazarurwa, Mweya weZvokwadi unotitungamira kuShoko. Zvinotsanangura kuti sei pakava nekukanganisa kwese uku kwakaitika nemumazera ose, nokuda kwekuti Zvisimbiso zvakanga zvisina kuzarurwa, Izvi zvakanga zvisina kuzarurwa. Ichokwadi.

234 Cherechedzai, imi, hamukwanise kuita kuti mimvuri ikundike. Sezvandakakuparidzirai nezuro manheru pamusoro pemumvuri waifamba pasi, unofanira kubuda zvakanaka. Ko kungava sei nemumvuri wenzou uri kufamba pasi, zvino kamwe kamurume kadiki, kakaperezeka kouya kari nzou yacho, kana nzou youya ichinge kamurume kaduku, kakaperezeka?

235 Zvino kana mukazvicherechedza mumufanidzo wakakwana.

236 Zvino, pane mudzimai wechokwadi, mudzimai wechokwadi, mhandara, anowanikwa nemurume wake, uye orarama, zvino iye chinhu chakaropafadzwa kumurume. Dai Mwari vaigona kupa mwanakomana wavo chimwe chinhu chiri nani kudarika mudzimai, Vangadai vakachipa kwaari.

237 Asi akagadzirwa kuti aite zvepabonde, uye hapana imwe mhuka yakagadzirwa kudaro. Hapana chimwe chisikwa panyika chakagadzirwa zvakadaro. Ndicho chikonzero muchiona barika, nokuda kwaizvozvo. Ndzivo zvakariunza.

238 Zvino tarirai, pakuongorora kwekupedzisira, tarirai, pana Jesu Kristu mumwe chete (ndizvozvo here?), Murume mumwe chete, Mwari, Emanueri. Munozvitenda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Asi nhengo dzeMudzimai waKe dzakawanda, munoona, zviuru zvezviuru zvakapetwa zviuru (ndizvozvo here?), Mudzimai waKe, Mwenga, Kereke. Manzwisisa zvino? ["Ameni."]

239 Ndosaka Akati kuna Adhama, zvepabonde zvisati zvakonzerwa kana kuti zvaunzwa, "Wandai, kuti muzadze nyika," paakanga achiri pokutanga, paakanga achiri zvose murume nemukadzi maari. Ipapo, zvinoratidza zvino kuti Mwenga anofanira kubva muShoko, nokuwanziridzwa kwepamweya, kuwanziridzwa, munoona, kuzadza nyika.

240 Zvino pachiitiko chepabonde, munoona, pfungwa dziya dzakavhanganisa zvinhu zviviri izvi. Nokudaro haukwanise kuzviita, unofanira kuzvidzosa kuChokwadi chazvo, "pakutanga."

241 Uye pamagumo pachange paina Ishe Jesu mumwe chete, neMwenga waKe vakawanda, ari mumwe chete. Mazvibata? Paiva naDhavhidhi mumwe chete pachigaro cheushe chimwe chete, mambo mumwe chete (aiva wepamoyo paMwari Chaipo) aine madzimai mazana mashanu. Jesu akagara paChigaro chaKe, hareruya, muMireniyamu, aine Mudzimai; sezvazvaiva pakutanga, asikwa kubva muvhu, neruwoko rwaMwari

Samasimba, murumuko, rwenhengo dzakawanda. Hezvoka izvo.

<sup>242</sup> Madzimai, shingairai kuva saizvozvo, uyai muna Kristu, ipapo hamuzova mutsvina dzinosemesa dziri kunze uko. Asi kana bedzi ungori nhengo yechechi uchiedza kurarama wakazvibata uye zvakanaka, pachako, haufe hwakabudirira. Uyewozve hakuna murume anokwanisa kubudirira ari kunze kwaKristu. SaPauro akaenderera mberi achiti, “Asi avo vari muna Kristu, hakuchina murume kana mukadzi.” Vose vave chinhu chimwe chete.

<sup>243</sup> Asi kuti tiite kuti *Kuroorana NeKurambana* uku kutwasanudzwe, kuitira kuti mugoziva kuti ndezvipi chaizvo uye ndezvipi zvisiri izvo, zvino Anoratidza pano zviri pachena mumifananidzo iyoyi. Pana Kristu mumwe chete; uye nenhengo dzakawanda dzeMudzimai wacho. Cherechedzai, Anokwanisa kutiramba nokuda kweupombwe hwepamweya nedzidziso yenhema, chero nguva yaAnoda; asi iwe haungatombozviyedza kuMuramba, uye uchigobudirira? Murume anokwanisa kuramba mukadzi wake oroora mumwe; asi kwete kuti mukadzi arambe murume wake onoorwa nemumwe. Munoono here zvose mimvuri nemifananidzo ipapo zvakanyatsoenzaniswa? Munoono chisikwa chepamavambo; kwete zvachose chimwe chakagadzirwa kubva pane chimwe. Kwete kereke; Mwenga kubudikidza neShoko. Kwete mukadzi; murume, nguva dzose. Ndosaka risingataure chimwe chinhu chinopesana nemurume kana akazviita; nguva dzose mudzimai. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>244</sup> Asi anogona kuva Mwenga waKristu, nokuva... Uye rangarirai, nokuti mukadzi chikamu chemurume, Bhaibheri rakati anokwanisa pane-... “Zvisinei handitenderi mukadzi kuti adzidzise, kana kutora chero chisimba hacho, asi ange akanyarara. Nokuti Adhama akatanga kugadzirwa, zvino tevere Evha. Uye Adhama haana kunyengerwa, asi chakagadzirwa kubva pane chimwe chakanyengerwa. Zvisinei hazvo achaponeswa *kana* akaenderera mberi muhutsvene nekuzvidzora, pamwe nomukubereka vana, nezvimwe zvakadaro,” nokuti ipapo zvino anova chikamu chemurume uyu. Ndizvo zvinounza...

<sup>245</sup> Ko sei Abrahamama asina... Ko sei Mwari vasina kuuraya Sara agere ipapo, achiramba, uye achinyepa muchiso chaMwari? Vagere ipapo seMunhu anofa, vachidya nyama, vachidya chingwa, vachinwa mukaka, uye Vakati, “Ko Sara asekei uko seri kumashure,” kumashure kwaKe, mutende, haAna kumbomuona, “achiti, ‘Ko zvinhu izvi zvingaitika sei?’”

<sup>246</sup> Akati, “Handina kumbozvitaure!” Uh-oh, ini zvangu, kuudza Mwari kuti Muri munyepi, pachiso chaKe? Asi haAna kugona kumutora. Sei? Akanga ari chikamu chaAbrahama. Amen. Haaikwanisa kumurwadzisa asingarwadzise Abrahamama.



247 Zvino imi madzimai munoono here pamunofanira kunge muri. Uye Bhaibheri rakati, “Imi vakadzi itai sezvaiva zvakaite Sara, uyo aizvishongedza nehanzu dzakadzikama, achirarama zvakatendeseka uye muchokwadi nemurume wake pachake, achimuda zvakanyanya kwazvo zvokuti murume... aimudana kuti ‘ishe’ wake,” mutongi, muridzi.

248 Uye imi, vamwe vevakadzi, vanopfeka nguwo dzisina mutsigo uye mobuda kunze kuno kunozvikandira pamberi pevarume. Jesu akati, “Aninani anotarisa mudzimai achimuchiva atoita upombwe naye mumoyo make.” Zvino ndiyani ane mhosva, murume kana iwe? Iye munhurume, akagadzirwa kuti aite chiiitiko ichi, munoono; uye iwe ndiwe mukadzi, anofanira kuramba.

249 Ko sei uchizviendeswa kunze wakadaro? Hazvisi zvekuti ufefeterwe, unoziva kuti hazvigoni kudaro, apo iwe uchiita kunge uchatofa nokugwamba nechando wakapfeka chikabudura. Munoono, hazvingambova zvekuti ufefeterwe. Ko zvino chii? Kuitira hutsvina! Hauzvibvumi hako, asi Bhaibheri rinotaura kudaro. Ichokwadi. Mweya wetsvina uri mauri. Iwe haudi kuita zvehutsvina; asi haucheredze, pamweya une hutsvina, nokuti uri kuzviratidza uine hutsvina.

250 Zvino, murume, mabvi ake akare, ane tsvina, akashata, uye dai ainge asina kana nguwo dzaakapfeka, hazvina mutsauko wazvaimboita, muviri wake hauyedzi. Sei? Akanga ari mukusikwa kwepakutanga, hunhu; anofanira kudaro, munoono. Asi, iwe ndiwe wakagadzirwa kubva pane chimwe, kuti uzoyedza.

251 Mwari, ivai nengoni! O, ini zvangu, nyika ino izere nezvivi! Ndichafara kana ichinge yapfuura.

252 Cherechedzai, Anokwanisa kuramba mukadzi waKe chero nguva yaAda, asi mukadzi haagone kuMuramba; Anokwanisa kundigadzira, Anokwanisa kundikandira muguruva chero nguva yaAngozvifungira kudaro, asi, o, hama, hazvibviri kuti ndimboedza kuMukandira imomo, ndinenge ndaparara.

253 Soromoni aikwanisa kuroora chero mukadzi ainge asina kuroorwa, aikwanisa kuroora chero mukadzi waaida. Muprisita aikwanisa bedzi kuroora mukadzi ainge ari mhandara. Soromoni...

254 SaDhavhidi, akaroora (ainzi ani zita rake?) Abigail. Apo, paive nemurume ainzi “benzi,” aiva nemudzimai akanaka, zvino akafa. Zvino Abigail akaroorwa naDhavhidhi; akanga ari mambo, kwete muprisita, munoono, saka a—akaroora.

255 Asi muprisita haaikwanisa kudaro, nokuti ainge abata kana kuti awana mukadzi kuti ave mudzimai wake uyo akambenge ari mudzimai wemumwe murume. Saka zvinoratidza humhandara hweKereke yaIshe Jesu Kristu, Mwenga unofanira kunge usina kumbobatwa nemurume, Shoko, pasina rimwe Shoko

risipo ipapo. Zvirokwazvo. Mungafungidzirewo here mwenga kwawo, usina rimwe zamu, uye, rimwe racho, paine chimwe chakanganisika, munoziva? Hazvisizvo zvichange zvakaita Mwenga waKristu. Akakwana. Ari zvose zviri Shoko, pasina Shoko rimwe chete risipo pamwe panhu. Kwete.

<sup>256</sup> Cherechedzai, Anokwanisa kumuramba, asi iye haakwanise kuMuramba. Akazviita, ndokuzviratidza, mumazuva ayo apo Luther, Wesley, nePentekosti, pavakaramba kuva chikamu chaKe chaienderera mberi kubudikidza nokusangana kwepamweya kuti vabate pamuviri pechikamu cheShoko chaienderera mberi. Muri kunzwisisa? Mukadzi uyu akaramba. Kereke yemaLutherani yakarambira Kristu kuzombovazve nechishuwo nayo; Luther akazviramba. Uye regai nditaure izvi, muchandidana kuti chimwe chinhu zvakadaro; saka ndizvo zvazviri nhasi neimwe-neimwe yadzo, dzinokundika kutora Shoko iroro, dzinoramba Kristu!

<sup>257</sup> Zvino mudzimai upi zvake anoramba kuita mwana nemurume wake, haana kodzero yokuva mudzimai kwaari. Amen. Munorangarira, muBhaibheri, apo mambo paakarooro Esteri? Nokuti mambokadzi vakaramba, akangatora mumwezve. Uye ipapo... Chii chakaitika paakaramba kuuya pamwe namambo pamwe nokumuteerera? Chinhu chimwe chete chakafanana nemukadzi anoramba kuva mudzimai kumurume wake.

<sup>258</sup> Uye ndizvo zvimwe chetewo nekereke inoramba kupiwa pamuviri muzera rino ratiri kurarama mariri zvino, kubereka vana vezera rino. Hatisi maLutherani, hatisi maHwisiri, uyewozve hatisi maPentekosti! Tinofanira kuva vana vezera rino, kubudikidza nokubata mimba yeShoko raMwari, kubereka Mwana wezera rino, Mwana ari Mbeu. Amen. Ndinotarisisira kuti muri kunzwisisa. Haaigona kupiwa pamuviri, kwete, saka chii chaAkaita? Akamubvisa, amuramba. Ndizvozvo chaizvo. Asi hazvibviri kuti iye aMurambe. Iye akamuramba.

<sup>259</sup> Akaenda mberi achizarura Shoko raKe kuMutumbi, uye nokuMusimbisa, zvimwe chetezvo, naiye pachaKe. Vana vaKe vave kutanga kuratidzika zvakananyanya saiYe, nokuti Iri kukwaniswa zvizere, kana kuti, vanova vana veShoko, kwete vana vekereke. Vana veShoko! Uye Mwenga achange ari Mudzimai muduku akaisvonaka weShoko, asina kuita upombwe, asina kumbobotwa nesangano remunhu upi zvake, chero pfungwa ipi zvayo yakagadzirwa nemunhu. Achange ari Mwenga asina kusvbiswa neupombwe, Mwenga weShoko! Amen. Naameni! Ndine tariro yokuti mazvibata, kunze uko mumhepo. Achange ari mwanasikana waMwari ane pamuviri.

<sup>260</sup> Munoono here kuti kukudzwa kwakadini uko mudzimai anogona kuva? Munoono here kuti chinhu chikuru zvakadini icho kereke inogona kuva, asi munoono kwaasvitswa netsvina?

Zvino kuedza kuenzanisa kereke iyoyo iri kunze uko neKereke iri pano, haukwanise kuzviita. Uye kuedza kuenzanisa chipfeve chemumugwagwa neKereke yaMwari mupenyu; kana mukadzi, mukadzi kwaye, nechipfeve?

<sup>261</sup> Ko sei paine zvinhu zvakadaro? Murairo waMwari, murairo wezvinopesana. Ko tingaziva sei kufarira chiedza chezuva dai painge pasina usiku? Ko tichaziva sei kufarira mamiriro ekunze akaoma dai pasina mvura inonaya? Ko taizoziva sei kufarira nekuremekedza mudzimai wemazvirokwazvo, dai painge pasina akasviba?

<sup>262</sup> Ndokuenda mberi achiRizarura, achizarura Shoko raKe, asi pasambova nechero mumwe wedu anoedza kuMuramba kuti aroorwe nemumwe.

<sup>263</sup> Zvino chokwadi zviri pachena kuti pfungwa mbiri idzi dzakapotsa. Haukwanise kuzviita kuti zvimhanye *neuku*, zvaenda; ukazviita kuti zvimhanye *neuko*, zvinomhanya zvichidarika vimbiso. *Heinoi* vimbiso, hechinoi chinhu chacho ipo pano. Shoko harizvipikisi roga. Rinofanira kugara richifambirana zvino, sezvakaita Mateu 28:19 haapesane naMabasa 2:38.

<sup>264</sup> Zvino, vamwe venyu imi madzimai, vamwe venyu imi varume, ndi—ndinoziva kuti muri—muri kupikisana naZvo. Saka, munoziva, hamukwanise kuzvivanza iye zvino. Hamukwanise.

<sup>265</sup> Asi regai ndingokuratidzai chimwe chinhu. Kana Mateu 28:19 yakati, “Endai saizvozvo, mudzidzise marudzi ose, muchivabhabhatidza nemuZita raBaba, nereMwanakomana, neMweya Mutsvene,” zvino vakashanduka, zvino munhu wese akambobhabhatidzwa akabhabhatidzwa zvinopesana naizvozvo, vakabhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu, nokuti kunyange vose nemuzera remuBhaibheri uye mushure memazana matatu emakore ezera remuBhaibheri, kusvika paNicaea Council. Zvadaro vakatora zvitendwa panzvimbo yacho. Mutsauko wacho ndoupi, kana zvisina kuzarurwa?

<sup>266</sup> Zvino munoziva here kuti Bhuku rose, Bhaibheri rose, chizaruro? Ndiwo maziviro aunaita chokwadi pakati peiri nerimwe, nokuda kwekuti Chizaruro. Uye chizaruro chinofanira kunge chichinyatsoenderana neShoko, kwete chichipesana neShoko. Munoti, “Zvakanaka, ini, zvakazarurwa kwandiri.” Zvino kana zvichipesana neShoko, hazvina kumbobva kuna Mwari. Ndizvo chaizvo.

<sup>267</sup> Zvino kana uchida kutora Mat-...Mateu 16:18. Jesu akataura, pachaKe, kuti Kereke yose, Kereke yaKe, ichange yakavakirwa pachizaruro chepamweya chaiye pachaKe, rinova Shoko. “Ndinoti kwauri, ndiwe Petro...Uye nyama neropa hazvina kuzvizarurira kwauri, asi Baba vaNgu vari Kudenga vazvizarura kwauri. Zvino pamusoro peibwe iri...”

268 Zvino, ndinoziva, shamwari dzedu dzechiKatorike ipapo, munoti, “Yakavakirwa pana Petro, uye Petro muapostori, saka, *Nhingi-nanhingi*, mukubvumirana kwechiapostora, kugara nhaka.”

MaProtestanti akati, “Yakavakirwa pana Jesu Kristu.”

269 Kwete kuti ndinge ndakasiyana, asi kungatora zvaAkataura! Akati, “Nyama neropa hazvina kuzvizarurira kwauri, asi Baba vaNgu vari Kudenga vazvizarurira kwauri. Uye pamusoro peibwe iri” (chizaruro chepamweya chezviri Shoko) “Ndichavaka Kereke yaNgu; uye masuwo ehadhesi haangaIzunzire pasi.” Mudzimai waKe haazoyedzwa nevamwe varume. “Ndichavaka Kereke yaNgu, uye masuwo egehena haatombokwanisi kuIzunguza.”

270 Zvino Abheri naKaini, vari mubindu reEdheni. Kaini akaita maonero ake, akati, “Zvino, tarirai, Mwari ndiMwari wakanaka. Ari pamusoro pezvisikwa zvose, saka ndichatora bhinzi nembatiasi, uye ndichatora ma—maruva, uye ndichaMugadzirira artari yakanaka kwazvo.” Ikereke iyoyo. Akapfugama pasi. Aitenda muna Mwari. Akanamata Mwari, ndokusimudza mawoko ake, ndokupa chipiriso ichi. Akaita zvose zvekunamata zvakaitwa naAbheri.

271 Abheri akavaka artari yemhando imwe chete. Asi Abheri paakaunza chake, akaunza gwayana. Zvino, Kaini akafunga kuti, kugadzira mushonga unopedza chivi, kuti baba naamai vake vaifanira kunge vakadya muchero, sokudzidziswa kwavakaitwa mubindu imomo. Asi Abheri, nechizaruro chaMwari, akaziva kuti raive ropa rakazviita. Nechizaruro chaMwari! Uye Bhaibheri rakataura muna vaHebheru, chitsauko 12, chitsauko 11, kuti, “Abheri, nokutenda,” (chizaruro) “akapirisa kuna Mwari chibairo chakanaka kudarika chaKaini, nacho Mwari vakamupupurira kuti akanga akarurama.” Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ameni! Hama, hanzvadzi, zvakangonyatsojeka zviri pachena, kwandiri. Hecho chinhu chacho chose.

272 Zvino pane zve*Kuroorana NeKurambana*, munoona, zvinofanira kuzarurwa. Kusvikira zvazarurwa, hauzvizive. Asi Akavimbisa mumazuva ano okupedzisira, muzera rino, kuti zvose zvakavanzika zvakananzwa zviri muBhaibheri zvichazarurwa. Vangani vanozviza? Zvakazarurwa, chitsauko 10! Jesu akazvimbisa, kuti zvose zvakananzika zvisingazivikanwe izvi pane zve—zve*Kuroorana NeKurambana*, nezvimwe zvose zvakananzika zvakananzwa zvakanambopapo, zvaizozarurwa munguva yokupedzisira. Zvino munorangarira, Inzwi rakati, “Enda kuTucson.” Munorangarira Chiedza chisinganzwisike chaive muchadenga; Ngirozi yechinomwe yakamira ipapo; ndokudzoka, uye nokuzarurwa kweZvisimbiso Zvinomwe? Tarirai zvakaitika. Ichokwadi.

273 Zvino ngatingofambai zvisihoma. Asi zvino, inzwai! Ndinoziva kuti yave kusvika nguva yokuti muende kunodya, asi ini ndiri kungodya hangu zvakanaka. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

274 Cherechedzai, zvino, mukadzi ane nzvimbo yake, uye iye ibwe rakakosha. Soromoni, murume uyu aiva nezviuru gumi zvmadzimai. . . kana kuti aiva nechuru chemadzimai, waro, akataura kuti, “Murume awana mudzimai, awana chinhu chakanaka.” Akati, “Mudzimai akanaka ibwe rakakosha mukorona yake,” kuremekedzwa. “Asi asina kururama imvura muropa rake,” ndihwo hupenyu hwake. Akati, “Panogona kuva nemurume mumwe chete akarurama anowanikwa pakati pechiuru,” Soromoni akataura kuti, “asi,” ndokuti, “hauwane mudzimai mumwe chete akarurama pakati pechiuru.” Soromoni akataura kudaro, munoona. Zvino cherechedzai kuti, ndizvo zvazviri.

275 Asi, munoona, mudzimai, uri—uri ibwe rakakosha kana uchida kuva ibwe rakakosha, asi chido chacho chinofanira kubva kwauri. Uye munoona kuti sei pakava ne*Kuroorana NeKurambana*, uko Jesu akanongedzera kwakuri kumashure uko, zvakava nokuti mumwe wemhando yenyu akakonzera chivi chose. Ndicho chikonzero barika nekurambana, nezvimwe, zvakatanga. Pakutanga zvakanga zvisina kumbodaro, uye hazvizombova zvakadaro munyika iri mberi.

276 Tarirai Jakobho, nemaari ndiko kwakabva madzitateguru. Aiva nemadzimai anodarika gumi navaviri. Akaroora vasikana vaviri vaiva mukoma nemunun’una, uye aiva nevarongo kunze kwaivava, vakadzi vemapoto vaaigara navo. Zvino madzitateguru aya akazvarwa kubva kuvarongo ava. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Munoona, unofanira kuita kuti Shoko rifambe zvakatsetseka.

277 O, ndine mapeji ezvazvo. Kana mushumiri akandibvunza nezvazvo, uye tikagara pamwe chete, tinogona kutaurirana. Asi zvirokwazvo, kana achitombori nechemweya, anogona kuona ipo pano kuti iChokwadi. Hapana mubvunzo paChiri.

278 Mudzimai akanaka chinhu chakanaka. Ndinozviziva izvozvo. Ndinozviziva nemadzimai emazvirokwazvo. Ndakasangana nemadzimai emazvirokwazvo vari vechokwadi, vangori vemazvirokwazvo sechero hake murume akambofamba.

279 Iye chinhu chakagadzirwa kubva pane chimwe uye ari chikamu chemurume, uye mukuwa murume akateerera kwaari. Murume akango. . . Iye chikamu chemurume. Asi, zviru kwaari, akagadzirwa zvokuti anogona kuita hunhu hwetsvina, uye akapiwa kodzero yekuramba kana kubvuma. Zvinopesana nehunhu hwepamavambo pakutanga, munoona, asi hezvoka izvo.

280 Zvino dzave twelwe o'clock, saka ndichangosiya chimwe chinhu pano kwemaminitsi mashoma. Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu.

281 Zvino, rangarirai, ndiri kutaura izvi kuboka rangu bedzi. Zvino kunze mumhepo, ndiri kutaura izvi bedzi kune vanonditevera. Mharidzo iyi ndeyavo voga, uye nezvandiri kuzotaura pano.

282 Chero wese mushumiri, iye, zviri kwaari, hongu, ndiye mufudzi wemakwai, muregei aite chero chaanoda kuita. Zviri pakati pake naMwari. Chero upi muprisita, chero wese muparidzi, zviri kwauri, hama yangu.

283 Ndiri kungotaura bedzi muno muJeffersonville, nzvimbo yoga yandinogona kutaura izvi ndiri, nokuda kwekuti iboka rangu pachangu. Iboka randakapiwa kunzwisisa neMweya Mutsvene kuti ndive mutariri pariri, uye Iye achandiita kuti ndipindirire pamusoro paro. Uye vanhu vungu ava vanga vari vanhu vakatendeuka pano vachibva munyika yose, avo vandakatungamira kuna Kristu. Uye, vana vaduku, ndiri pano kukubatsirai, uye ndiri shamwari yenyu. Munogona kufunga kuti ndinotaura ndichikupikisai; ndiri kuzvitaure, munoono, kuti zvikutirei zvakana. Ndinokudai. Uye kana zvisina kudaro, Mwari ndiye Mutongi wangu. Munozviziva kuti ndinokudai.

284 Ichi chinhu chakasimba kwazvo, ndanga ndisiri kuziva kuti ndingachibuditsa sei. Chii chandichaita, apa ndiine varume nemadzimai vagere muungano yangu, vamwe vavo vakapinda mumuchato kaviri kana katatu? Varume vakanaka nemadzimai akanaka, vose vakavhengana! Chii chakazviita? Dzidziso yenhema, ndizvozvo, pasina kumirira panaShe.

285 "Izvo zvabatanidzwa naMwari pamwe chete, ngapasave nemunhu anozvipatsanura." Kwete zvabatanidzwa pamwe chete nemunhu; izvo zvabatanidzwa pamwe chete na "Mwari"! Kana wawana chizaruro chakananga kubva kuna Mwari, kuti ndiye mudzimai wako, uye chinhu chimwe chete, ndewako, hupenyu hwako hwese. Maona? Asi zvabatanidzwa pamwe chete nemunhu, chero munhu hake anokwanisa kuzvipatsanura. Asi zvabatanidzwa naMwari pamwe chete, pasambova hapo nemunhu angaedza kuzvibata. "Chero zvabatanidzwa pamwe chete naMwari," Vakati, "pasave nemunhu anozvipatsanura." Kwete zvabatanidzwa pamwe chete nemunhu hake mejastreti akati dhakwei zvisoma kana zvimwewo, kana munhu muparidzi akadzokera kumashure ane chibutwa chezvitenzwa mune rimwe bhuku, uyo anovarega vachiita chero chinhu hacho munyika, uye Shoko naMwari riripo ipapo chaipo. Maona? Ndiri kutaura nezvabatanidzwa naMwari pamwe chete.

286 Zvino ndave kuzotaura izvi kwamuri. Ndakangwarira kwazvo zvandinotaura kwamuri. Handirevi kuve

ndakakwasharara kwamuri imi vanhu. Handirevi kuve ndakakwasharara kwamuri, hama dzangu vafudzi. Handirevi kudaro. Asi ndine mungava webasa, ndichicherechedza kuti izvi zvakaiswa mumawoko angu. Uye kana . . . Handikwanise kuZvichengeta. Handizive kuti ndingaZvipa sei, uye ndinoziva kuti tepi ino ichazviita. O, ini zvangu, ndichangogadzirira, hofisi yakazarurwa, nokuti hezvinoini zvouya. Maona?

<sup>287</sup> Sezvazvakanga zvakaita paMbeu YeNyoka, asi zvakaratiidzwa zvachose kuti ndizvozvo. Ndine mapepa ipo pano, kubva mubepa, apo vakadzi iye zvino . . . uye kunyange mu—mune huru . . . Mamwe machechi makuru ane mifananidzo yenyoka yepakutanga, ichifamba pagumbo remudzimai, uye nemaitiro ainoita ichimumoneredza; mudzimai anoita mhando dzose dzemanzwiwo nezvimwe, zvimwe zvinhu zvokuti murume haakwanise kumubata nezvakadaro, nezinyoka guru iri richimumoneredza, nezvakadaro. Ndicho chokwadi chaicho. Uye zviru kuenda zvichiwedzera kuipa nokuipa, uye zvichatowedzera kuipa. Nyoka, izvo handizvo zvayaiva . . . hayaigona kunge yakava nekusangana pabonde naye dai yakange iri nyoka, asi rangarirai . . .

<sup>288</sup> Ndakanga ndiri kuva negakava pane rimwe zuva nemumwe . . . kwete gakava, aingori mushumiri weAssembly of God nemutevedzeri, ndokuti, “Makatsveyama, pane Izvozvo.”

Ndikati, “Zvakanaka, ndinogona kunge ndakadaro. Ndinoda kuti undiudze.”

<sup>289</sup> Akati zvino, akaenderera mberi ndokutanga kutaura nezvazvo. Chokutanga munoziva, akazvirasisa. Uye chimwe chinhu chaakataura, akati, “Hama Branham, iripiko mhuka yacho? Mwari vakati ‘imwe yerudzi rwayo.’ Zvino iripiko mhuka iyi yamakati yaiva pakati pemunhu nechikara, iyo isiri kuwanikwa nesainzi zvino? Iripiko?” Ndokuti, “Iri panyika here? Yakanga iri chimupanzi here?”

<sup>290</sup> “Kwete, nokuti ropa rechimupanzi harisangane nemudzimai, hapana imwe mhuka inosangana naye. Kwete, haridaro, kana mbeu yemurume haisangane ne—nehadzi. Haizviiti.”

<sup>291</sup> “Zvino iripiko mhuka iyi? Zvino, Mwari vakati, ‘Regai chinhu chose chibereke zverudzi rwacho.’”

<sup>292</sup> Ndakangomirira kweminiti. Zvino kutapira kweMweya Mutsvene kukati, “Mutaurire, ‘Iri pano.’”

Zvino, pakutanga ndakati, “Zvakanaka, pamwe inogona kunge ichioneka.”

Akati, “Asi, Hama Branham, ipapo, tiri kutaura nezve Shoko, hatisi here?”

<sup>293</sup> Ndikati, “Hongu, changamire.” Zvino ndikati, “Ivo, chaizvoizvo, vanotaura kuti zvimwe zvinhu, semadhainoza ne—

nenzou huru yekare-kare, nezvakadaro, nzou huru dzekare-kare, nzou huru dzekare-kare, waro, dzave kunyatsooneka, nezvimwe zvakadaro.” Ndikati, “Zvaigona kunge zvakadaro.”

<sup>294</sup> Akati, “Hama Branham, tiri kutaura nezveumboo hweShoko. Kana chivi chiri pano; zvino, chivi chepakutanga, inofanira kunge iri panowo zvakare.”

<sup>295</sup> Zvino ndakati, “Ishe Jesu, Makati, ‘Usafunganye pamusoro pezvauchataura kana uchinge wauya pamberi pemunhu, nokuti zvichapiwa kwauri panguva iyoyo.’ Ishe, ndoti kudini?” Akati, “Muudze, ‘Iri pano.’” Zvimwe chete sekungoona kwandinoita zviratidzo papuratifomu.

<sup>296</sup> Ndakati, “Iri pano,” ndisiri kuziva kuti kupi.

Iye ndokuti, “Kupi?”

Zvino ndisati ndatombogona kufunga, Akati, “Inyoka.”

<sup>297</sup> Ndizvo chaizvo zvayaiva, nokuti haichisiri chikara. Yakatukwa ndokuiswa padumbu rayo mazuva ayo ose. Ari pano. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Uye nazvino muchiitiko chiya chaakaita, kuchine chivi chimwe chete chinoshanda pamudzimai, semunhurume saizvozvo. Ndipo paanovhura maziso nezvimwe, paanenge ave nemanzwiwo anodarika zvinokwanisa kuitwa nemurume.

<sup>298</sup> Ndichagumira ipapo nokuti tiri muboka rakasangana. Ndichatora vamwe varume, ndicha... tichataura zvimwezve pamusoro pazvo. Ndine mapepa nezvinhu zvakaradzikwa ipo pano, chaipo paruwoko rwangu iye zvino, uye ndanga ndiri kuzozviunza kwamuri mangwanani ano. Ndanga ndichatora zuva rose mazviri, asi ndichavhara zvino ndichitaura izvi.

<sup>299</sup> Izvi ndezve kukereke yangu bedzi. Kwete kereke yangu... Boka duku rinonditenda uye rinonditevera, izvi ndezvavo.

<sup>300</sup> Rimwe zuva, ndichiziva kuti pandinokuudzai chimwe chinhu, chinofanira kuuya chiri ZVANZI NAJEHOVHA, ipapo ndainge ndine Magwaro sokuzvizarura kwaAkaita kwandiri. Asi, “Ishe Mwari, ndingati kudini kuungano iyi? Ndichawana kupatsanurana. Murume anonge akagara pavharanda nemurvanze, nekumwe kwese-kwese, ‘Ndomusiya here?’ Madzimai, ‘Ndosiya here murume wangu?’ ‘Ndoita sei?’” Ndikati, “Ishe, chii chandingaita?”

<sup>301</sup> Chimwe chinhu ndokuti kwandiri, “Enda kumusoro uko mugomo, zvino Ndichataura newe.”

<sup>302</sup> Zvino pandakanga ndiri pamusoro mugomo, ndisiri kuziva kuti zasi muTucson vakanga vari kuRiona. Asi kunyange varairidzi vakadana vana kubva... musikana wangu muduku nevamwe, kubva muchikoro, uye ndokuti, “Tarirai kumusoro uko mugomo iro! Pane Gore rine ruvara rwemoto riri kuenda muchadenga uye richidzoka pasi, rokwira muchadenga richidzoka pasi.” Kubwinya kuna Mwari.



<sup>303</sup> Amai Evans, muri pano here? Ronnie, uri pano here? Ndakadzoka ndokudzika nepachiteshi, mukomana muduku uyu aiva pachiteshi panodirwa peturu, chiteshi chepeturu chevekwaEvans ikoko. Zvino ndisati ndaziva zvakanga zviri kuzotaurwa nemukomana uyu, akanditsvaira kubva patsoka dzangu, akati, “Hama Branham, manga muri kumusoro mugomo iro riri uko, handizvo here?”

<sup>304</sup> Ndikati, “Uri kureveiko, Ronnie? Kwete,” munoona, kuti ndione kuti aizoitai. Nguva dzakawanda zvinhu zvinoitika, handidaro, hauzvaitaere kuvanhu. Zvinova... Nyaya yacho ndeyekuti, unoona zvakawanda zvichiitika, zvinobva zvava chijairira kwauri. Maona? Handingotaurira vanhu. Ndakati, “Ronnie, iwe wakanga uri...”

<sup>305</sup> Akati, “Ndinogona kukuratidzai chaipo pamanga muri.” Akati, “Ndadana amai, zvino tamira pano ndokutarisa Gore riya rakaremba kumusoro uko, richikwira nokudzika. Ndikati, ‘Vanofanira kunge vari Hama Branham vagere kumusoro uko pane imwe nzvimbo. Avo ndiMwari vari kutaura navo.’”

<sup>306</sup> Zvino guta rose, vanhu, vakaRitarisa. Raive zuva rine kunze kwakajeka pasina makore zvachose, paine Gore guru iri rine ruvara rwemoto rakaremba ipapo; richidzika sefanera, uye richidzokera robva rapararira.

<sup>307</sup> Vashamwari, zvino ndave kuvhara, munogona kubva pane izvi. Ndipo apo Izvi zvakanga zviri kuzarurwa kwandiri, izvo zvandiri kukuudzai iko zvino, saka musaZvipotsa.

<sup>308</sup> Zvino ndiri kutaura kune vateveri vedu voga, avo vari kunditevera pamwe neMharidzo ino bedzi, kwete vekunze. Ndipupurirei pane izvi pamberi paMwari. Kuboka rino iri bedzi!

<sup>309</sup> Zvino tiri kuwanikwa tiri munyonganyonga iyi nokuda kwedzidziso yebhaibheri yakatsauka. Ndizvozvo here? Ndicho chikonzero imi madzimai makaroorwa kechipiri, nemi varume, nokuda kwedzidziso yebhaibheri yakatsauka. Iye zvino ndinoda kukuratidzai chimwe chinhu chaAkandiudza.

<sup>310</sup> Zvino kana Mwari, Musiki wedu, akabvunzwa mubvunzo paAkanga ari pano pasi, Jesu Kristu; zvino muporofita waKe aive mudzikinuri paakauya, Mosesi, zasi muEgipita, kubuditsa vana kunze kwe—kweEgipita, kundovaisa munyika yechipikirwa; zvino Jesu pano akati Mosesi akaona vanhu vari muchinhano ichochi, zvino ndokuvapa chinyorwa chekurambana, nokuda kwekuti mamiriro acho ndizvo zvaakanga akaita. Mosesi akawana zvakaita, sokuti, “Ngaatendere...” Mwari vakatendera Mosesi, muporofita uya akatumwa kuvanhu, kuti ape chinyorwa ichi chekurambana kwavari.

<sup>311</sup> Zvino muna vaKorinde Vokutanga, chi—chitsauko 7, ndima yechi 12 neyechi 15, mumuporofita wemuTestamende Itsva,

Pauro, akasangana nechinhu chimwe chete mukereke, uye ndokutaura izvi, “Apa ndini, kwete Jehovha.” Ndizvozvo? Nokuda kwezvinhano zvekurambana.

<sup>312</sup> “Zvakanga zvisina kudaro kubva pakutanga.” Asi Mosesi akazvitenderwa, uye Mwari vakazvicherechedza kuti zvakarurama. Uye Pauro zvakare aive nekodzero, paakawana kereke yake iri muchinhano ichocho.

<sup>313</sup> Zvino imi tendai Izvi kuti ichokwadi, uye tendai kuti Zvabva kuna Mwari! Uye kubudikidza nokusimbisa kweGore raKe pamwe neMharidzo yaKe iyo yandiuna kusvika pano, hazvingaitewo here kuti Mwari pamusoro pegomo vanditendere kuita zimwe chete, kukutenderai kuti muenderere mberi sezvamuri, uye morega kuzviita zvakare! Endai nemadzimai enyu munogara murugare, nokuti nguva yapera. Kuuya kwaShe kwave pedyo. Hatichina nguva yekuputsa zvinhu izvi. Musafe makaedza kuzviita zvakare! Ndiri kutaura kuungano yangu bedzi. Asi kana wakawana... Uye Mwari vakandipupurira pazviri, pagomo, kuti ndinogona kutaura Izvi, chizaruro chemweya, nokuda kwekuzarurwa kweZvisimbiso Zvinomwe, uye uyu mubvunzo uri muShoko raMwari. “Varege vaenderere mberi sezvavari, uye vasazotadzazve zvakare!”

<sup>314</sup> “Zvakanga zvisina kudaro kubva pakutanga.” Ndizvozvo chaizvo, zvakanga zvisina kudaro, uye hazvizova pamagumo. Asi pasi pemamiriro echimanjemanje, semuranda waMwari... Handisi kuzozvidana kuti muporofita waKe; asi ndinotenda kuti pamwe, kana ndisina kutumirwa izvozvo, ndiri kumuisira hwaro kana achinge azouya. Saka pasi pemamiriro echimanjemanje, ndinokuraira kuti uende kumba kwako, nemudzimai wako zvino. Kana uchifara naye, gara naye, kudzai vana venyu mukutya Mwari. Asi Mwari vakunzwire ngonzi kana ukazenge wazviita zvakare! Dzidzisa vana vako kuti vasambofa vakaita chinhu chakadaro, vakudze vachitya Mwari. Uye zvino nokuda kwekuti muri sezvamuri, ngatiendei zvino, panguva yapera yamadekwana iyo yatiri kurarama mairi, uye “toshingairira kunharidzano dzekudana kukuru kwepamusoro muna Kristu,” uko zvinhu zvose zvinogoneka.

<sup>315</sup> Kusvikira ndakuonai nhasi manheru, Ishe Mwari vakuropafadzei, patiri kunamata.

<sup>316</sup> Ishe Mwari, tinoKupai kutenda. TinoKupai rumbidzo. Ndimi Jehovha mukuru mumwe chete akatendera Mosesi. Mosesi, muranda uya, zvino chii chaaizoudza vanhu vake? Zvino, Mwari, Makamutendera kuti ape chinyorwa chekurambana. Pauro, muapostora mukuru uyo aiva munyori weTestamende Itsva, saMosesi aiva weYekare. Mosesi akanyora Mirairo nenguva yemirairo. Vazhinji vevaporofita, mashoko avo akapfekerwa malri, asi Mosesi akanyora Mirairo. Uye Makamutendera

chinyorwa, kuvanyorera chinyorwa chekurambana, nokuda kwehukukutu hwemoyo yavo.

<sup>317</sup> Mutsvene Pauro mukuru, ari munyori weTestamende Itsva, akakwanisawo kutaura kudaro, kuti, “Ndiri kutaura pasi pemamiriro ezvinhu aya; ini, kwete Ishe.”

<sup>318</sup> Saka ndizvo zvazviriwo nhasi, Ishe Mwari, pamagumo enyika, sezvo tiri pano pasi pengoni dzaMwari, tichiziva kuti nenguva isipi tichazopindurira muHupo hwaKe. Uye nokuti Makaita zvakawanda, Ishe, ndine chokwadi chokuti, muchiso chevanhu ava, vachabatirira pane Izvi seZvakabva kwaMuri. Uye nokupupura pano nhasi, kwevanhu vakawanda vakagara muno vakatoona Chiratidzo chiya kumusoro mugomo, apo Ngirozi dzaShe dzakauya muchamupupuri, apo pachakauya muNgirozi nomwe, apo kuzarurwa kweZvakavanzika Zvinomwe zvakabhedhenurwa; uye Mutumwa mumwe chete, nenzira imwe chete, pagomo rimwe chete, pazuva iro Izvi zvakazarurwa!

<sup>319</sup> Mwari, ndinonamata kuti vanhu vachaenda kumba vachitenda kuti Mwari apa nyasha idzi kwavari. NdangoZvitaure, Ishe, nemukutenderwa. Uye ndinongoZvitaure nemukutenderwa, Ishe. Uye itai kuti vanhu vave vanotenda kwazvo zvokuti havazoedzi kuita chivi ichocho zvakare! Uye dai vakasaedza kuita chero chivi hacho, asi vaKudei nemoyo yavo yose. Ishe, itai kuti mhuri idzi dzifare, uye dai dzakura pamwe nokukudza vana vavo mukuraira kwaMwari.

<sup>320</sup> Nokuti, Mharidzo yangu yanga iri pamoyo pangu yataurwa, Ishe. Ndaita zvose zvandinogona kuita. Uye Satani andirwisa kwemasvondo, nemaawa ndisingavate. Asi zvino ndinoIraira, Ishe, kuvanhu ava, kuti vaInzvere, uye vaende vachiKuraramirai. Zviitei, Ishe. Zvabva pamapfudzi angu zvino. Vave mumawoko eNy. Ndinonamata kuti Mugovaropafadza.

<sup>321</sup> Ropafadzai mahengechepfu aya, Ishe, achangoiswa pano, evarwere nevanotambudzwa. Dai husiku huno hwave humwe husiku hukurusa, hune simba, apo vanhu vose vachapodzwa. Zviitei, Ishe. Tiropafadzei pamwe chete.

<sup>322</sup> Dai tikaenda murugare, tichifara, tichipembera, nokuti Mwari wezvisikwa atiratidza “kubvira pakutanga,” uye atambanudzira kwatiri, mumatakanana edu ayo atiri maari, nyasha dzaKe zvakare, mumazuva ano okupedzisira. O Mwari Mukuru weKusingaperi, tinoKutendai kwazvo nokuda kwazvo! Uye dai moyo yedu yafara kwazvo, kuti hatichazombove nechimwe chishuwo chekuKutadzirai. NemuZita raJesu. Amenii.

NdinoMuda, (ko unagorega kuMuda sei?)

NdinoMuda

Nokuti Akatanga kundida

Akatanga ruponiso rwangu

Pane weKarivhari . . .

<sup>323</sup> Ndazviture zvine kuitira kuti vashumiri vanzwise. Izvi ndezve avo vanotevera Mharidzo ino voga!

<sup>324</sup> O, muri kufara here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndakutaurirai Chokwadi, ZVANZI NAJEHOVHA, nzira yose zvayo! [“Ameni!”]

<sup>325</sup> Zvino ngatisimukei tisimudze mawoko edu, patiri kurwuimba zvakare, “NdinoMuda.” NdinoMuda nokuda kwenyasha dzaKe. NdinoMuda nokuda kwetsitsi dzaKe. NdinoMuda nokuda kweShoko raKe. “Zvino Shoko raJehovha rakauya kuvaporofita!”

NdinoMuda.

<sup>326</sup> Uyai, hama. Pfuurirai mberi.



*KUROORANA NEKURAMBANA* SHO65-0221M  
(Marriage And Divorce)

Mharidzo iyi nehama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 21 Kukadzi, 1965, paParkview Junior High School muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)